

Gid Sèk Matine

Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl/ASE
Social and Emotional Learning/SEL

1e ane ak 2èm ane fondamantal

We would like to acknowledge the generous donors whose support made the development of this resource possible.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE



W.K.
KELLOGG
FOUNDATION®



PORTICUS

Copyright © 2023 by the Global Center for the Development of the Whole Child. All rights reserved. You are welcome to print copies or republish materials for non-commercial use as long as credit is given to the Global Center for the Development of the Whole Child and the author(s).

Copyright © 2023 par le Centre mondial pour le développement intégral de l'enfant. Tous droits réservés. Ce document, dans sa totalité ou en partie, peut-être reproduit ou republié uniquement dans le cadre d'une utilisation non-commerciale et dans la mesure où le Centre mondial pour le développement intégral de l'enfant ainsi que les auteurs sont précisés.

Copyright © 2023 pou Sant Global pou devlopman entegral timoun piti. Tout dwa rezève. Nenpòt moun gen dwa repwodui oubyen itilize dokiman sa, tout oubyen yon pati, depi se pa pou vann ni pou fè lajan, epi ke yo byen mansyone Sant Global pou devlopman entegral timoun piti ak otè yo.

TAB MATYÈ

Tèm	Paj
Entwodiksyon	4
Sèk matine/règ pozitif	6
Angajman nan klas, nan lekòl, nan fanmi ak nan kominote	7
Senk sans yo	8
Règ byenseyans yo	9
Idantifikasyon emosyon	10
Jesyon estrè	11
Rezolisyon konfli	12
Kreye relasyon	13
Idantite kiltirèl	14
Estim pou pwòp tèt ou	15
Kominikasyon	16
Pran desizyon	17
Tolerans	18
Renmen tèt ou	19
Fyète nasyonal	20
Kwè nan tèt ou	21
Anpati	22
Anpati	23
Anpati	24
Anpati	25
Konnen tèt	26
Mantalite kwasan/Mantalite fiks	27
Rezilyans	28
Byenveyans	29
Lidèchip	30
Tradisyon	31
Pwoteksyon anviwònman	32
Estim pou lòt moun	33
Suiv enstriksyon	34
Nòm sosyal	35
Solidarite ak antrèd	36
Idantite pèsone	37
Idantifikasyon emosyon	38
Estim pou pwòp tèt	39
Jesyon estrès	40
Rezolisyon konfli	41



ENTWODIKSYON

Nan lide pou ede lekòl Strong Beginnings/Baz Solid yo aplike pwogram SEL/ASE la, Global Center for the Development of the Whole Child devlope gid Sèk Matine sa a k ap pèmèt anseyan yo ede elèv yo nan devlopman sosyal ak emosyonèl yo. Aktivite ki devlope nan gid sa a ap ede elèv yo sou anpil aspè tankou : rekonèt epi jere emosyon yo, byen jere relasyon yo ak lòt moun, demontre pèsistans ak detèminasyon nan sa y ap antreprann, pran konsyans de kiyès yo ye, aprann renmen tèt yo, kiltive santiman apatenans ak kilti yo, elt. Anpil etid montre lè timoun yo byen edike sou tout aspè sa yo, yo vin gen plis reyisit akademik, yo adapte yo pi byen nan kominote yo ap evolye a epi yo vin pi bon sitwayen alavni.

Sèk matine

Sèk matine se yon woutin pozitif ak patisipatif ki ankouraje devlopman sosyal, emosyonèl ak entelektyèl lakay elèv yo. Li chita sou twa wòch dife ki se : salitasyon, pataj ak aktivite gwoup. Li fèt nan yon sèk kote tout moun kanpe nan yon anbyans kè kontan pou chase estrès, fistrasyon ak tout lòt bagay ki ka deranje jounen an sou plan emosyonèl pandan l ap ranfòse lyen pozitif k ap pèmèt elèv yo devlope pi bon relasyon nan klas la. Yon sesyon Sèk matine dire ant 10 a 15 minit. Anvan nou kòmsanse yon sesyon, nou pa dwe janm bliye tout bagay dwe fèt nan lòd ak disiplin. Se poutèt sa, lidè k ap mennen aktivite a bezwen bay konsiy ki klè, fè yon modèl epi itilize boul lapawòl pou l kapab byen jere gwoup la.

Prensip pou Salitasyon

1. Salitasyon an dwe fèt nan yon sèk;
2. Ou dwe gade moun w ap salye a nan je epi souri avè l;
3. Ou dwe respektè konsiy ki bay yo (siyal pou kòmanse ak pou fini) ;
4. Ou dwe deplase pou salye lòt moun ki nan sèk la, pa sèlman moun ki kanpe bò kote w la ;
5. Salitasyon kote yon elèv ap pase nan mitan sèk la dwe limite a 5 elèv pou pi plis.

Prensip pou Pataj

Gen 2 tip pataj : pataj lib ak pataj dirije. Nan pataj dirije a ap gen yon sijè byen espesifik pou tout moun pale sou li. Tandiske nan pataj lib la tout moun ka pataje sou nenpòt sijè lojik yo vle. Nan leson ki devlope nan gid sa a, se pataj dirije a ki priyorize. ***Pati sa a enpòtan anpil paske se la w ap mete aksan sou tèm semèn nan epi wè valè pratik li avèk elèv yo.***

1. Ou dwe gen boul lapawòl la nan men w pou w pataje ;
2. Ou dwe di kijan pou yo reyaji pou ou lè w fin pataje (jès, yon pawòl, elt.) ;
3. Reyaksyon w ap mande fè pou ou a pa dwe endesan ;
4. Ou dwe fè yon pataj ki kout ;
5. Ou dwe rete nan sijè/tèm pataj la ;
6. Ou pa dwe fòse pyès moun pataje;
7. Pa dwe gen kòmantè apre pataj yo ;
8. Tout moun dwe reyaji nan fason moun ki t ap pataje a te mande sa ;
9. Pa dwe gen plis pase 5 pataj.

Prensip pou Aktivite gwoup

1. Tout moun dwe patisipe nan aktivite a;
2. Tout moun dwe respektè konsiy aktivite a;
3. Youn dwe pwoteje lòt nan aktivite ki gen anpil mouvman yo;
4. Nan aktivite ki gen konpetisyon yo, lè yon gwoup pèdi li dwe aksepte sa epi felisite ekip ki genyen an.

Respirasyon :

Aprè chak aktivite gwoup, anseyan an ap fè respirasyon ak elèv yo (menm si pa t gen mouvman nan aktivite a). L ap mande yo pran yon pozisyon epi fè yon jès pou yo enspire (rale lè antre nan poumon yo) epi yon lòt jès pou yo ekspire (jete lè a). Li ka fè egzèsis sa a ak elèv yo jiska 3 fwa.

Eslogan :

Chak semèn gen yon eslogan ki mache ak tèm nan. Anseyan an ak tout elèv yo ap kenbe men youn lòt epi di eslogan an pandan 3 fwa ak anpil enèji.

University of Notre Dame ap remèsye Roseline Mézé, Makenzy Voltaire ak Milaine Alexandre pou kreyativite yo ak devouman yo nan reyalizasyon travay sa a sou sipèvizyon Tamara Doucet-Larozar.

MWA 1, SEMÈN 1	
Tèm semèn nan: Sèk Matine/Règ pozitif	Objektif 1: Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab dekouvri aktivite Sèk matine ak règ pozitif klas li.
Vokabilè ¹ - Sèk Matine: se yon woutin pozitif ak patisipatif ki favorize devlopman sosyal, emosyonèl ak entelektyèl lakay elèv yo. Li gen 3 pati : salitasyon, pataj ak aktivite gwoup. - Règ pozitif : ansanm prensip anseyan an etabli ak elèv yo pou bon fonksyònman klas la.	Materyèl - Imaj : chen, chat, bèf, kabrit, bourik ak kòk (<i>leson 1</i>) - Boul lapawòl, plim, kreyon, wòch, lakrè (<i>leson4</i>)

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : <i>Pwofesè a ap fòme yon sèk ak elèv yo epi chante yon chan byen ge.</i> P: Bonjou timoun, semèn sa a nou pral pale sou Sèk matine ak règ pozitif (<i>eksplike timoun yo kisa Sèk matine a ye pandan w ap mete aksan sou 3 pati yo ak prensipal prensip yo</i>). Pou nou kòmanse, nou pral fè salitasyon non ak jès. Chak timoun ap pase nan mi tan sèk la, l ap di bonjou epi di non li epi lap fè yon jès. Lòt elèv yo ap reponn bonjou, di non elèv la epi imite jès li te fè a. <i>Fè yon modèl pou elèv yo.</i> P : Lè m frape menm yon fwa n ap kòmanse epi lè m frape menm plizyè fwa n ap tounen nan sèk la.	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon papiyon. Chak elèv ap mete de men yo sou hanch yo epi y ap bouje yo tank ou zèl papiyon. Lè m di wipipip, tout moun ap de plase ak jès papiyon pou al salye kèk kamarad. Lè m di weeeeee tout moun ap retounen nan sèk la.	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an, nou pral fè salitasyon ak non zwazo nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon zwazo li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non zwazo a. P : Bonjou, mwen konnen toutrèl. Tout elèv yo ap reponn bonjou toutrèl. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon akolad. Tout timoun ap de plase pou al salye kèk kamarad. N ap gade youn lòt nan je, souri epi bay akolad (di bonjou, kijan w ye ? Mwen kontan wè w maten an). P: Lè m di oye oye, n ap kòmanse epi lè m di yès yès n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan sali tasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, maten an mwen te eksplike nou kisa Sèk matine ye? Kounye a, nou pral pataje sou sa nou sonje nan eksplikasyon mwen te bay yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la : gen boul lapawòl la, di kijan pou yo reyaji pou ou, pataj kout, elt.</i> P : Lè m fin pataje tout moun ap di wi se sa. Sèk matine a gen 3 pati ladan l. Tout timoun ap reponn wi se sa. <i>P: sonje timoun, Sèk matine a gen 3 pati ladan l (site pati yo epi bay prensip yo bezwen respekte pou yo chak). Apre aktivite gwoup la nou fè respirayon (enspire epi ekspire). Pou fini, nou kenbe men youn lòt pou n di pandan 3 fwa avèk anpil enèji eslogan semèn nan.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral kontinye pataje sou Sèk matine menm jan ak yè. Men fwa sa a, nou pral di kijan nou santi nou lè n patisipe nan Sèk Matine a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje tout moun ap di yes. Lè m patisipe nan Sèk matine mwen santi m kontan. Tout timoun ap di yes. <i>P: Timoun, lè nou patisipe nan Sèk matine n ap santi nou byen paske gen anpil anbyans. Nou rive salye youn lòt, jwe ansanm epi aprann anpil bagay n ap bezwen pou n viv byen youn ak lòt nan lekòl la, lakay nou ak nan kominote nou.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou règ pozitif yo. Kounye a, kèk nan nou pral pataje youn nan règ pozitif klas la epi n ap di ki enpòtans règ sa a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje tout moun ap di nou dakò sa. Règ <i>jete fatra yo nan poubèl</i> la ap ede nou toujou kenbe salklas la pwòp. Tout timoun ap di nou dakò sa. <i>P : Règ pozitif klas la enpòtan anpil timoun, paske l ap ede nou byen konpòte nou epi gen bon disiplin.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou règ pozitif yo. Kounye a, kèk nan nou pral pataje youn nan règ pozitif klas la epi n ap di ki konsekans ki genyen lè règ sa a pa respekte. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje tout moun ap di wi se sa. Youn nan règ klas la se <i>jete fatra yo nan poubèl</i>. Si yon moun jete fatra nan klas la l ap bezwen li règ la byen fò epi ranmase l pou l al jete l nan poubèl la. Tout timoun ap di wi se sa. <i>P: sonje timoun, chak règ gen konsekans ki mache avè l. N ap gen pou n aplike l lè règ la pa respekte.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele bèt mizikal. Tout moun ap bat men yo byen fò ansanm avè m. Lè m sispann bat men m epi montre imaj yon bèt, n ap sispann bat men nou epi imite kri bèt nou wè nan imaj la. Lè m desann imaj la n ap rekòmanse bat men nou ansanm byen fò. M ap montre nou imaj yon lòt bèt, n ap sispann bat men nou epi imite kri nouvo bèt la. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske mwen fin montre nou tout imaj yo. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo. Itilize imaj : chen, chat, bèf, kabrit, bourik, kòk pou aktivite sa a).</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt imitasyon. Nou pral kanpe youn dèyè lòt nan yon demi sèk. Elèv ki devan nèt la ap fè yon seri jès, tout lòt yo ap imite l. <i>(Bat men, danse, sote, mache, bese, elt.)</i> <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele nan lanmè sou latè. M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di nan lanmè, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di sou latè, tout moun ap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele tik tak boum. Mwen pral mete 5 objè atè nan mitan sèk la (kreyon, boul lapawòl, wòch, plim ak lakrè). Yon elèv ap kite sèk la pou l al cache pandan lòt elèv yo ap deside kiyès nan 5 objè yo k ap bonm lan. Lè elèv la tounen li pral kòmanse ranmase objè yo dousman youn apre lòt pandan lòt elèv yo ap di tik tak tik tak... Kou l manyen objè ki se bonm lan tout elèv ap di BOUM. Jwèt la ap kontinye ak lòt elèv. Sila a ki rive manyen 4 nan objè yo san l pa manyen bonm lan se li ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: N ap respekte règ pozitif klas nou!				

1 N.B: Mo vokabilè yo defini selon kontèks yo prezante nan kontni tèm ki devlope yo yon fason ki senp pou fasilite konpreyansyon elèv yo.

MWA 1, SEMÈN 2	
Tèm semèn nan: Angajman nan salklas, nan lekòl, nan fanmi ak nan kominote.	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab dekouvri kòman li ka angaje l nan salklas, lekòl, fanmi ak kominote l.
Vokabilè - Angajman: desizyon yon moun oubyen yon gwoup moun pran pou patisipe nan yon aktivite. - Kominote: espas/zòn yon gwoup moun ap viv.	Materyèl - Boul lapawòl, liv Ana ak Tiga benyen larivye 2 balon <i>(leson 3)</i>

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou angajman nan salklas, lekòl, fanmi ak kominote nou. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak materyèl salklas nou (kaye, chèz, kreyon, elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon pyebwa li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non pyebwa sa a. P : Bonjou, mwen konnen pye sapoti. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè sa litasyon ak non pyebwa nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon pyebwa li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non pyebwa sa a. P : Bonjou, mwen konnen pye sapoti. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non bèt nou renmen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon bèt li renmen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen renmen mouton. Tout elèv yo ap re ponn bonjou mouton. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak non koulè nou renmen. Chak elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon koulè li renmenn. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non koulè a. P : Bonjou, mwen renmen koulè nwa. Tout elèv yo ap reponn bonjou koulè nwa. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou angajman nan salklas nou. Sa vle di sa nou bezwen fè pou nou byen travay nan klas nou epi sipòte nan aktivite k ap fèt yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «yes» ! Pou m angaje, m nan klas mwen, m ap toujou fè devwa m. Tout timoun ap di yes ! <i>Sonje, timoun, lè nou angaje nou nan klas nou, se lè nou tou jou patisipe nan tout aktivite k ap fèt nan klas la tankou : le son, devwa, netwayaj, elt. Sa ap pèmèt nou travay pi byen chak jou epi bay pi bon rezilta.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou angajman nan lekòl. Sa vle di sa nou bezwen fè pou nou byen travay nan lekòl la epi sipòte nan akti vite k ap fèt yo nan nivo nou kapab. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « tchèk tchèk » ! Pou m angaje, m nan lekòl la, m ap patisipe nan fè netwayaj. Tout timoun ap di tchèk tchèk ! <i>Sonje, timoun, lè nou angaje nou nan lekòl nou se lè nou respekte prensip lekòl la epi patisipe nan aktivite k ap fèt yo, tankou : netwayaj, monte drapo, respekte pwofesè nou, kamarad nou, mate ryèl yo, elt. Sa ap pèmèt nou viv byen chak jou an amoni nan lekòl la epi bay pi bon rezilta.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou angajman nan fanmi. Sa vle di sa nou bezwen fè pou nou ede oubyen sipòte fanmi nou nan sa y ap fè. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « kenbe konsa » ! Pou m angaje m nan fanmi m, m ap ede manman m lè l ap lave. Tout timoun ap di kenbe konsa! <i>Sonje, timoun, lè nou angaje nou nan fanmi nou se lè nou patisipe nan aktivite k ap fèt yo tankou : netwayaj, lave veso, lave rad, elt. Sa ap pèmèt nou de vlope pi bon relasyon ak manm fanmi nou.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou angajman nan kominote nou. Sa vle di sa nou bezwen fè pou nou ede oubyen sipòte kominote nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « bon bagay » ! Pou m angaje m nan kominote m, m ap patisipe lè y ap plante pyebwa. Tout timoun ap di bon bagay! <i>Sonje, timoun, lè nou angaje nou nan ko minote nou se lè nou kenbe l pwòp epi patisipe nan aktivite tankou : netwayaj, plante pyebwa, elt. Sa ap pè mèt nou devlope bon relasyon ak moun nan kominote nou epi viv nan yon an viwònman ki pwòp.</i>	Pataj : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup : P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele 3 limyè. Lè m di limyè vèt tout moun ap kouri sou plas. Lè m di limyè jòn, tout moun ap ap kanpe sou yon pye, epi lè m di limyè wouj tout moun ap kanpe sou de pye. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kiyès mwen ye. M ap bezwen 5 elèv pou fòme yon ti sèk anndan gran sèk la. M ap bezwen yon elèv volontè ki konn non 5 elèv yo ki pou kanpe nan mitan ti sèk la pou m bande je l. Tout moun ap chante : <i>Kiyès mwen ye ? Se mwen li ye ?(ton chante kiyès ki chèf? se mwen ki chèf)</i>. Pandan y ap chante a, 5 elèv yo ap fè wonn ak elèv ki gen je bande a. Lè m leve men m anlè, n ap sispann chante epi 5 elèv yo ap sispann bouje. Elèv ki gen je li bande a bezwen touche epi di non moun ki kanpe devan l lan. Si l idantifye l tout moun ap bat bravo, si l pa rive idantifye l n ap kontinye chante menm jam epi 5 elèv yo ap fè menm mouvman an. Yon elèv ka eseye 2 fwa. Jwèt la ka kontinye ak 2, 3 ou 4 elèv jiskaske yon moun genyen.	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kous pengwen. M ap fòme 2 ekip. Chak ekip ap chwazi yon elèv ki pou reprezante l. M ap trase yon liy kote pou nou kòmanse kous la ak yon liy kote kous la ap fini. De elèv yo ap gen yon balon ki fèmen anndan janm yo epi kwaze bra yo dèyè do yo. Lè m konte rive sou 4, de elèv yo ap deplase pi vit posib pandan chak ekip ap chofe jwè pa yo. Elèv ki rive anvan se ekip li a ki genyen. <i>Si pa gen balon, itilize boul papye oubyen nenpòt ma teryèl ki apwopriye.</i> <i>Reprann konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele Jako di. Chak fwa nou tande se Jako ki di fè yon bagay, n ap fè sa nou tande a. Men depi se pa Jako ki di l, yon elèv fè sa l tande a, li pèdi epi l ap vin fè yo wè l. Egzanp : Jako di : tèt. Tout moun ap mete men sou tèt. Jako di : jenou. Tout moun ap mete men sou jenou. Jan di : vant. Pyès moun pa dwe mete men sou vant, paske se pa Jako ki di sa, se Jan ki di l. <i>Reprann konsiy la, epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: N ap kontinye angaje nou!				

MWA 1, SEMÈN 3	
Tèm semèn nan: Senk sans yo	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye 5 sans yo.
Vokabilè - Sans : Fonksyon sikofizyolojik ki pèmèt yon òganis resevwa enfòmasyon sou seri eleman ki soti nan anviwònman li. - Ògàn : Pati non kò yon èt vivan ki jwe yon wòl byen defini.	Materyèl Boul lapawòl, liv Ana aprann 5 sans yo

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P : Bonjou klas, semèn sa a nou pral pale sou 5 sans yo. Pou nou kòmanse, nou pral fè salitasyon ak pati nan kò nou. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon pati nan kò yo. Tout timoun yo ap re ponnn : bonjou ! epi di non pati sa a. P : Bonjou, mwen se tèt. Tout elèv yo ap reponnn bonjou tèt ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak danse . Tout timoun ap deplase pandan y ap fè yon ti danse pou y al salye kèk kamarad. <i>Pwofesè a ap fè yon modèl ak yon elèv.</i> Lè m di Oye oye, n ap kòmanse epi lè m di yes yes n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak diferan mwayen transpò nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon mwayen transpò. Tout timoun yo ap reponnn bonjou pandan y ap di mwayen transpò sa a. P : Bonjou, mwen se bekàn. Tout elèv yo ap reponnn bonjou bekàn. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon kana . Nou pral pran po zisyon kana, n ap deplase jan li mache pou nou al salye kèk kamarad (n ap mache tòde pye nou epi bouje agoch adwat). Lè m bat men m yon fwa n ap deplase pou salye ak anpil lajwa. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou. <i>Pwofesè a ap fè yon modèl ak yon elèv.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou 5 sans nou konnen moun genyen lakay yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di tchèk. Youn nan 5 sans yo se <i>l'ouïe</i> . Tout timoun ap di tchèk. Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Timoun, 5 sans yo se :</i> « <i>Louïe</i> » ki se « <i>tande</i> » an kreyòl, ògan li se zòrèy ; <i>la</i> « <i>vue</i> » ki se « <i>wè</i> » an kreyòl, ògan li se je ; « <i>L'odorat</i> » ki se « <i>santi</i> » an kreyòl, ògan li se nen ; <i>le</i> « <i>gòût</i> » ki se « <i>gou</i> » an kreyòl, ògan li se lang lan ; <i>le</i> « <i>toucher</i> » ki se « <i>manyen</i> » an kreyòl, ògan nan se po nou.	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou ka fè avèk ògàn sans nou yo. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di se vre wi ! Po m pèmèt mwen santi lè yon bagay cho oubyen frèt. Tout ti moun ap di se vre wi. <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> Mèsi anpil timoun pou pataj nou yo. <i>Sonje timoun, zòrèy nou pèmèt nou tande ; je nou pèmèt nou wè ; nen nou pèmèt nou pran sant ; lang nou pèmèt nou pran gou ; po nou pèmèt nou santi sa ki cho, frèt, di, mou, elt.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou fason nou kapab pran swen ògàn sans nou yo (zòrèy, je, lang, nen ak po). P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di sa bon! Pou m pwote je m mwen mete linèt lè gen gwo solèy ak pousyè. Tout timoun ap di sa bon. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi anpil timoun pou pataj nou yo. <i>Sonje timoun, pou nou ka pran swen ògàn sans nou yo, nou bezwen evite fwote je nou lè pousyè tonbe ladan yo ; bwose lang nou chak jou ; evite foure ti bwa oubyen objè pwenti nan zòrèy nou ; evite foure dwèt nan nen nou epi benyen chak jou pou kenbe po nou pwòp.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou kisa nou kapab fè pou nou ede yon moun ki gen pwoblèm nan youn nan 5 sans yo. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di kontinye konsa. Si yon moun pa wè, mwen ka ede l travèse lari. Tout timoun ap di : kontinye konsa. <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> Mèsi anpil timoun pou pataj nou yo. <i>Gen anpil rezon, tankou maladi, aksidan... ki ka fè yon moun pèdi izaj youn sans li yo. Lè sa rive, nou pa dwe imilye yo. Nou dwe ede yo nan mezi nou kapab.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup : P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele STOP . Nou pral chante yon ti chan byen ge (<i>egzanp: mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil...</i>) pandan n ap bat men epi danse ak bèl mouvman. Kou m di STOP, tout elèv ap kanpe sèk nan pozisyon yo rive nan dans lan san bouje. Depi gen elèv ki bouje y ap pase nan sèk la pou yo vin fè wè yo. Jwèt la ka kontinye jiska 3 ou 4 fwa. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pase kou ran . M ap peze men moun ki sou bò dwat mwen an epi l ap fè jès tankou l te pran nan kouran. Apre l fin fè jès tank ou l te pran nan kouran an l ap peze men kamarad ki sou bò dwat li a pou l ka pase l kouran an tou. Kamarad li a ap fè menm jès la. Kouran an ap kontinye pase jwenn chak elèv jiskaskè li rive sou mwen ankò. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo. Apre w fin pase kouran agoch ou ka pase agoch tou.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele youn chèche lòt . M ap bezwen 2 elèv volontè pou vin nan mitan sèk la. M ap bande je 2 elèv yo epi mete yo chak yon bò nan sèk la. M ap deziye elèv 1 kòm elèv ki pral chèche lòt la epi elèv 2 kòm elèv ki p ap kite yo kenbe l la. Lè m di kòmanse, elèv k ap chèche lòt la (elèv 1) ap de plase ak men l ouvè pou l ap chèche lòt elèv la (elèv 2). Elèv 2 a li menm, ap deplase pou l pa kite yo kenbe l. Tout lòt elèv yo pral chante frèt frèt frèt lè elèv k ap chèche a lwen lòt la epi cho cho cho lè l prèske touche l. Si elèv 1 an rive touche elèv 2 a li genyen. Tout moun ap bat bravo pou li. Si apre yon minit li pa rive touche lòt la, n ap eseye ak 2 lòt elèv. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele to mat . Nou pral konte, men se chak moun nan sèk la k ap di yon chif. Chak fwa nou jwenn miltip 5 yo n ap di tomat. Depi yon moun di miltip 5 yo tankou 5, 10, 15, 20 ... li pèdi. Depi li ezite li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè yo wè yo nan sèk la. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan akti vite gwoup yo te fè pan dan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Mwen konnen 5 sans mwen yo!				

MWA 1, SEMÈN 4	
Tèm semèn nan: Règ byenseyans yo	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye kèk règ byenseyans k ap pèmèt li gen bon relasyon ak lòt moun.
Byenseyans : Ansanm règ politès moun suiv nan yon sosyete.	Materyèl Boul lapawòl, liv Ana ak Tiga toujou di bonjou ak mèsì, 2 riban <i>(leson 4)</i>,

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P : Bonjou timoun, pou semèn sa a nou pral pale sou règ byenseyans yo. Règ byenseyans se ansanm règ politès moun suiv nan yon sosyete. Pou nou kòmanse, nou pral fè salitasyon konpliman. Chak elèv ap deplase pou al salye kèk kamarad epi fè youn lòt yon konpliman pou youn bagay nou apresye lakay youn lòt. P : Bonjou X, mwen fè w konpliman pou jan ou janti ak tout elèv nan klas la. E : Bonjou mèt, mwen fè w konpliman paske w pa janm frape nou nan klas la. P : Lè m di oye oye n ap kòmanse epi lè m di yes yes n ap retounenn nan plas nou.	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non depatman ki genyen nan peyi a (Nò, Atibonit, Nip, Grandans, Sid, Nòdès, Sidès, Nòdwès, Sant ak Lwès). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon depatman. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non depatman sa a. P : Bonjou, mwen se Lwès. Tout elèv yo ap reponn bonjou lwès. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak yon ti chan nou pral aprann. N ap chante, n ap danse epi n ap fè jès. Bonjou zanmi m yo kòman nou ye (2 fwa) ? <i>(Frape men w 2 fwa pla pla)</i> Bonjou zanmi m yo kòman nou ye (2 fwa) ? <i>(Frape men w 3 fwa pla pla pla)</i> Mwen anfòm ou anfòm li anfòm nou anfòm Bonjou zanmi m yo kòman nou ye? <i>(Frape men w 3 fwa pla pla pla).</i>	Salitasyon : P : Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak non legim nou konnen yo. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon legim yo renmen. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi di non legim sa a. Modèl : P : Bonjou tout timoun ! Mwen renmen epina! Tout timoun ap reponn : Bonjou epina ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou kèk règ politès nou konnen. Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di bon bagay ! Lè yon moun rann mwen yon sèvis mwen toujou di l mèsì ! Tout timoun ap di bon bagay ! <i>Timoun règ politès yo se : bonjou/bonswa, mèsì, silvouplè, orevwa, eskiz, elt. Lè nou itilize mo sa yo sa montre nou se timoun ki saj.</i>	Pataj : P : Timoun, nan pataj maten an, nou pral di poukisa li enpòtan pou nou pratike règ politès yo. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di wi se vre ! Lè m pratike règ politès yo, moun ede m pi fasil lè m mande yon enfòmasyon. Tout timoun ap di wi se vre ! <i>Timoun, lè nou pratike règ politès yo, sa fè nou gen pi bon relasyon ak lòt mounn nan lekòl nou, lakay nou ak nan kominote nou. Règ politès yo ap ede nou byen konpòte nou nan lekòl, lakay ak kominote nou. Donk, an nou pratike règ politès yo.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral pataje sou konsekans sa ka genyen lè nou pa pratike politès. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di m ap chanje sa. Lè m pase sou yon granmoun mwen pa di l bonjou, yo konn di m mwen malelve ! Tout timoun ap di m ap chanje sa ! <i>Timoun, lè nou pa pratike politès, moun nan lekòl nou, lakay nou ak kominote nou ap konsidere nou tankou timoun ki malelve. Sa ap gache repitasyon nou. Se pa yon bagay ki bèl ditou. Nou bezwen fè efò pou sa pa rive nou.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an nou pral kontinye pataje sou règ politès yo menm jan ak yè. Nou pral di kijan Ana ak Tiga te montre yo se timoun ki byennelve nan liv Ana ak Tiga toujou di bonjou ak mèsì a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsì timoun pou bèl pataj nou yo. <i>Timoun, menm jan ak Ana ak Tiga, an nou montre nou se timoun ki byennelve lè nou pratike règ politès yo.</i>	Pataj : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele nan mache. Tout moun dwe koute avèk atansyon sa moun ki anvan an li a te achete. Egzanp, m ap di m al nan mache m achte yon poul, moun ki vin apre m nan ap di : m al nan mache m achte yon poul ak yon rejim bannann, lòt moun ki vin apre a ap di : m al nan mache m achte : yon poul, yon rejim bannann ak yon mamit diri. Donk, tout moun ap repete menm fraz sa a : <i>m al nan mache m achte</i> epi l ap ajoute sa li achte a sou sa moun ki vin anvan l yo te achte deja. Jwèt la ak kontinye jiskaske tout moun nèt disa yo te achte. <i>Fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kiyès mwen ye. M ap bezwen 5 elèv pou fòme yon ti sèk anndan gran sèk la. M ap bezwen yon elèv volontè ki konn non 5 elèv yo ki pou kanpe nan mitan ti sèk la pou m bande je l. Tout moun ap chante : <i>Kiyès mwen ye ? Se mwen li ye ?</i> <i>(ton, kiyès ki chèf? se mwen ki chèf).</i> Pandan y ap chante a, 5 elèv yo ap fè wonn elèv ki gen je bande a. Lè m leve men m anlè, n ap sipann chante epi 5 elèv yo ap sispann bouje. Elèv ki gen je li bande a bezwen touche epi di non moun ki kanpe devan l lan. Si l idantifye l tout moun ap bat bravo, si l pa rive idantifye l n ap kontinye chante menm jam epi 5 elèv yo ap fè menm mouvman an. Yon elèv ka eseye 2 fwa. Jwèt la ka kontinye ak 2, 3 ou 4 elèv jiskaske yon moun genyen. <i>Fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele rele tik tak boum. Mwen pral mete 5 objè atè nan mitan sèk la (kreyon, boul lapawòl, wòch, plim ak lakrè). Yon elèv ap kite sèk la pou l al cache pandan lòt elèv yo ap deside kiyès nan 5 objè yo k ap bonm lan. Lè elèv la tounen li pral kòmanse ranmase objè yo dousman youn apre lòt pandan lòt elèv yo ap di tik tak tik tak... Kou l manyen objè ki se bonm lan tout elèv ap di BOUM ! Jwèt la ap kontinye ak lòt elèv. Sila a ki rive manyen 4 nan objè yo san l pa manyen bonm nan se li ki genyen. <i>Reprann konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele youn chèche lòt. M ap bezwen 2 elèv volontè pou vin nan mitan sèk la. M ap bande je 2 elèv yo epi mete yo chak yon bò nan sèk la. M ap deziye elèv 1 kòm elèv ki pral chèche lòt la epi elèv 2 kòm elèv ki p ap kite yo kenbe l la. Lè m di kòmanse, elèv k ap chèche lòt la (elèv 1) ap deplase ak men l ouvè pou l ap chèche lòt elèv la (elèv 2). Elèv 2 a li menm, ap deplase pou l pa kite yo kenbe l. Tout lòt elèv yo pral chante frèt frèt frèt lè elèv k ap chèche a lwen lòt la epi cho cho cho lè l prèske touche l. Si elèv 1 an rive touche elèv 2 a li genyen. Tout moun ap fè bravo pou li. Si apre yon minit li pa rive touche lòt la, n ap eseye ak 2 lòt elèv. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: M ap toujou di bonjou ak mèsì !				

MWA 2, SEMÈN 1	
Tèm semèn nan: Idantifikasyon emosyon yo	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye diferan emosyon li gen lakay li.
Vokabilè Emosyon : se yon reyaksyon pasaje ki fò anpil ki kapab fè w afiche yon bon oubyen yon move konpòtman.	Materyèl Liv Ana ak Tiga idantifye emosyon yo. Imaj emosyon yo (<i>lajwa:leson1; tristès: leson 2; laperèz: leson 3, kòlè : leson 4</i>).

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 -Revizyon
Salitasyon : P : Bonjou tout timoun, semèn sa a nou pral pale sou emo syon moun genyen lakay yo. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak non bèt ki gen 4 pat nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon bèt ki gen 4 pat. Tout timoun yo ap reponn bonjou pandan y ap di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen konnen bèf. Tout elèv yo ap reponn bonjou bèf. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon kore. Tout timoun ap deplase pou al salye kèk kamarad pandan y ap kore youn lòt, souri epi mande kijan lòt la ye. Lè m di Oye oye, n ap kòmanse epi lè m di yes yes n ap retounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak jou nan semèn nan. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon jou nan semèn nan. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi y ap di jou sa a. P : Bonjou, mwen se lendi. Tout elèv yo ap reponn : bonjou lendi. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyonan an ak mwa nan ane a. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon mwa nan ane a. Tout timoun yo ap reponn bonjou pandan y ap di mwa sa a. P : Bonjou, mwen se janvyè. Tout elèv yo ap reponn bonjou janvyè <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj : P : Maten an timoun nou pral pataje sou sa nou konn fè lè nou an jwa. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap di wololoy! Lè m an jwa mwen danse. Tout timoun ap di : wololoy! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon lajwa a epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l an jwa (montre imaj la).</i> <i>Lajwa se youn nan emosyon moun genyen lakay yo. Nou kapab an jwa lè nou reyisi nan yon bagay nou t ap fè, lè yon moun felisite nou oubyen lè nou gen yon bezwen ki satisfè. Byen souvan lè moun an jwa nou ka wè yo ap sou ri, nou pa bezwen pè souri lè nou santi kè nou konta timoun.</i>	Pataj : P : Maten an timoun nou pral pataje sou kèk bagay ki konn fè nou tris. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap fè oooo ! sa tris! Lè moun ap maltrete timoun sa fè m tris anpil. Tout timoun ap di : oooo ! sa tris! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon tristès la epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l tris (montre imaj la).</i> <i>Tristès se youn nan emosyon moun genyen lakay yo. Se yon bagay ki nòmal pou yon moun santi l tris. Nou kapab tris paske nou gen moun ki mouri, paske yon moun di nou yon vye pawòl, elt. Byen souvan lè yon moun tris li konn kriye, sa pa yon pwoblèm ditou. Ni tifi ni tigason ka kriye si yo santi yo tris. Men sonje li pa bon pou yon moun rete tris toutan. Sa ka fè moun nan malad, li ka vin chagren nan pwen li pa anvi viv ankò. Se sa k fè lè nou tris nou dwe toujou jwenn yon mwayen pou voye tristès la ale tankou : jwe oubyen pale ak yon ti zanmi.</i>	Pataj : P : Maten an timoun nou pral pataje sou kèk bagay ki konn fè nou pè. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap kache figi yo ak men yo ! Depi mwen wè fè nwa mwen pè. Tout timoun ap kache figi yo ak men yo ! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon laperèz la epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l pè (montre imaj la).</i> <i>Laperèz fè pati emosyon moun genyen. Moun kapab pè pou divès kalite rezon. Lè nou pè nou dwe pataje sa ki fè nou pè a ak yon granmoun pou li kapab ede nou, paske si nou rete avèk laperèz la lakay nou toutan sa ka fè nou vin malad epi menm pa ka travay byen lekòl la ankò.</i>	Pataj : P : Maten an timoun nou pral pataje sou jan nou konn reyaji lè nou an kòlè. <i>**Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap di sa pa bon. Lè mwen an kòlè mwen choute tout sa m jwenn. Tout timoun ap di sa pa bon ! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon kòlè a epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l pè (montre imaj la).</i> <i>Li nòmal pou yon moun an kòlè, men sa ki pa nòmal se lè ou an kòlè ou aji ak vyolans tankou bay moun kou, kraze bagay ki bò kote nou oubyen di vye pawòl. Lè nou an kòlè, nou bezwen pran yon ti tan epi respire. Nou kapab konte soti nan 1 pou rive nan 5 tou. Sa ka ede n kalme nou. Sa enpòtan anpil paske menm si nou an kòlè nou toujou responsab aksyon nou.</i>	P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup : P : Kounya timoun, nou pral chante ti chan sa a ansanm : Tonton bouki, eya eya (2 fwa) Lè m fè sa, n ap fè sa konsa (2 fwa) M ap kòmanse ak yon jès epi n ap fè menm jès la pandan n ap chante. M ap chwazi yon elèv pou kontinye fè yon jès, nou tout ap chante epi fè jès li fè a. Apre sa, elèv la ap chwazi yon lòt elèv pou kontinye aktivite a.	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt imitasyon. Nou pral kanpe youn dèyè lòt nan yon demi sèk. Elèv ki devan nèt la ap fè yon seri jès tout lòt yo ap imite l. (<i>Bat men, danse, sote, mache, bese, elt</i>). <i>Reprann konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele Zip, Zap, Zoom. Nou pral fè kòmsi nou gen yon boul enèji nan men nou. Zip se adwat, Zap se agoch epi Zoom se anfas. Lè ou di Zip ou pase enèji a bay moun ki adwat ou a se li ki dwe reyaji ; lè ou di Zap ou pase enèji a bay moun ki agoch ou a se li ki dwe reyaji ; lè ou di Zoom ou pase enèji a bay moun ki anfas ou a se li ki dwe reyaji. Si ou fè yon aksyon pou yon lòt ou pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè wè yo nan wonn nan. <i>Fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele atouti atouta. Mwen pral rakonte nou yon ti istwa. Chak fwa nou tandè atouti, n ap leve de men nou anlè. Chak fwa nou tandè atouta, n ap mete men nou sou jenou nou. P : Fè youn oubyen de esè pou timoun yo avan w kòmanse. N.B: Lè yon moun pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou li fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante. <i>Mete defi nan jwèt la. Egzanp : di atouti oubyen atouta youn dèyè lòt...</i>	P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Mwen kapab jere emosyon m!				

MWA 2, SEMÈN 2	
Tèm semèn nan: Jesyon estrès	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye kèk estrateji k ap pèmèt li jere estrès.
Vokabilè Jesyon estrès : kapasite pou gade kontwòl ou nan tout sityasyon enprevi ki ka mete w an kòlè epi ki estresan.	Materyèl - Liv : Babas te pè tout bon - Boul lapawòl

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P : Bonjou timoun m espere nou anfòm. Semèn sa a nou pral pale sou jesyon estrès. Pou nou kòmanse, nou pral salye youn lòt pandan n ap chante ti chan sa a : tout ti gason yo ap di <i>«kòman ou ye (2 fwa)?»</i> Tout tifi yo ap reponn : <i>m ap kenbe (2 fwa). E ou menm kòman w ye (2 fwa).</i> Tout ti gason yo ap reponn : <i>m ap kenbe (2 fwa) Kontinye aktivite a ak kri chen, kri chat ; bat men sou ton chan an, frape pye sou ton chan pan dan tifi ak tigason yo ap kenbe menm pati pa yo. (Bay siyal pou kòmanse aktivite a).</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak kri bèt nou renmen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon bèt yo renmen. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi fè kri bèt sa a. P : Bonjou, mwen renmen kabrit. Tout elèv yo ap reponn bonjou bèèèèè ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak tout fèy te nou konnen yo. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon fèy te li konnen. Tout timoun yo ap reponn bon jou epi di non fèy te sa a. P : Bonjou, mwen se asosi. Tout elèv yo ap reponn bonjou asosi ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la..</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non bèt ki viv nan dlo. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon bèt ki viv nan dlo. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen konnen reken. Tout elèv yo ap reponn bonjou reken ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj : P : Timoun, nan pataj maten an nou pral di kisa estrès ye. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>P : Estrès se tout sityasyon ki kapab fè nou santi nou malalèz. Lè nou estrese nou ka santi kò nou ap tranble, kò nou ap pike nou, kè nou ap bat fò, elt.</i>	Pataj : P : Kounye a timoun, nou pral pataje sou kèk sityasyon ki konn ba nou estrès. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di : mezanmi ! Lè m gen anpil travay pou m fè mwen santi m estrese. Tout timoun ap reponn : mezanmi ! Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Gen anpil sityasyon ki ka estrese nou, tankou : boule kawotchou, lè nou poko ka fè devwa nou, lè yo bat nou, rele sou nou, elt. Kèk estrateji pou nou jere estrès se : respire, konte 1 a 5, mande yon pi gran pase nou èd, elt.</i>	Pataj : P : Nan pataj maten an, nou pral di kèk aktivite nou ka fè pou nou chase estrès. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di :yes! Lè mwen estrese mwen tandè mizik. Tout timoun ap reponn yes ! Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Timoun, men kèk aktivite nou ka fè lè nou estrese : jwe, danse, koute mizik, chante, elt aktivite sa yo ka ede nou jere estrès nou.</i>	Pataj : P : Maten an timoun, nou pral pataje sou fason nou kapab ede yon moun chase estrès. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>Wi sa bon !</i> Pou m ede zanmi m chase estrès yo mwen konn bay blag avèk yo pou m fè yo ri. <i>Timoun, lè nou bò kote yon moun ki estrese nou ka ede l lè nou pale avè l, rakonte l ti istwa, mache avè l, chante avè l, elt. Sa ap ede l fè kè l kontan.</i>	Pataj : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele 3 limyè. Lè m di limyè vèt tout moun ap kouri sou plas. Lè m di limyè jòn, tout moun ap ap kanpe sou yon pye epi lè m di limyè wouj tout moun ap kanpe sou de pye. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele STOP. Nou pral chante yon ti chan byen ge (<i>egzanp: mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil...</i>) pan dan n ap bat men epi danse ak bèl mouvman. Kou m di STOP, tout elèv ap kanpe sèk nan pozisyon yo rive nan dans lan san bouje. Depi gen elèv ki bouje y ap pase nan sèk la pou yo vin fè wè yo. Jwèt la ka kontinye jiska 3 ou 4 fwa. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pijon vole. Lè m di yon bèt ki konn vole tout moun ap sote. Lè m di yon bèt ki pa konn vole tout moun ap rete san bouje. Si yon moun fè yon aksyon pou yon lòt li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè wè yo nan wonn nan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele zip zap zoup. Lè m di zip, n ap mete men sou tèt, lè m di zap n ap mete men sou zèpòl epi lè m di zoup n ap mete men sou vant. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup : P : Mande timoun yo pou yochwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Mwen ka jere estrès mwen!				

MWA 2, SEMÈN 3				
Tèm semèn nan: Rezolisyon konfli		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab dekouvri kèk estrateji pou rezoud konfli san vyolans.		
Vokabilè Konfli : Dezakò ki egziste ant de moun oubyen de gwoup.		Materyèl Boul lapawòl, 2 balon <i>(leson1)</i>. Liv Maya ap goumen		
Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon P : Bonjou timoun, m espere nou te pase yon bon wikenn ! Semèn sa a nou pral wè yon nouvo tèm ansanm ki se rezolisyon konfli. Konfli se dezakò ki kapab genyen ant de moun oubyen de gwoup moun. Anvan nou al reflechi sou tèm nan nou pral fè salitasyon maten an ak yon akolad fratènèl. Nou pral jwenn ansanm ak kamarad nou yo pou nou ba yo yon bèl akolad. Sonje pou n gade yo nan je pandan n ap salye yo epi n ap souri avèk yo. <i>Fè yon modèl pou elèv yo.</i> Lè m bat men m yon fwa n ap chwazi 2-3 elèv pou nou salye epi lè m bat men m plizyè fwa, n ap tounen nan plas nou.	Salitasyon P : Bonjou timoun, jodi a nou pral fè salitasyon papiyon . Tout moun ap mete de men yo sou kote yo epi y ap sekwe yo tankou zèl papiyon pou y al salye plizyè lòt kamarad. <i>Fè yon modèl ak yon elèv.</i> Lè m di Wipipì n ap kòmanse salye kamarad nou yo epi lè m di Weeeee n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon P: Bonjou timoun, jodi a nou pral fè salitasyon Kangouwou . Tout moun ap pran pozisyon kangouwou epi sote sou de pwent pye pou n al salye plizyè lòt kamarad nou. <i>Fè yon modèl ak yon elèv.</i> Lè m di Oye oye n ap kòmanse salye kamarad nou epi lè m di yès yès, n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon P : Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak non legim nou konnen yo. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon legim yo renmen. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi di non legim sa a. P : Bonjou, mwen renmen berejèn ! Tout timoun ap reponn : bonjou berejèn ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj P : Kounye a timoun nou pral pataje sou kèk sitiyasyon konfli nou konn wè nan lekòl nou, lakay nou oubyen nan kominote nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Modèl : P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di sa te fè m mal ! Mwen sonje yon lè mwen te wè de moun bò lakay mwen te nan kont. Yo t ap di move pawòl. Tout timoun ap reponn : sa te fè m mal ! P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Gen anpil rezon ki ka mete moun nan konfli, men nou dwe fè efò nan mezi sa posib pou nou evite nan konfli ak lòt moun. Men si sa rive kanmèm, gen yon estrateji ki gen 4 etap ki ka ede nou. Premye a se kalme nou. Nou bezwen pran yon minit pou nou respire, n ap enspire epi n ap ekspire. Sispann tout pawòl, pran yon poz pou n reflechi.</i>	Pataj P : Timoun, n ap kontinye pataj la sou konfli menm jan ak yè. Jodi a, nou pral pataje sou sa nou panse ki ka mete nou nan konfli avèk kamarad nou oubyen ti zanmi nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di evite sa ! Fawouch ka mete moun nan konfli. Tout timoun ap reponn : evite sa ! P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Sonje timoun kamarad nou yo se tankou frè ak sè nou yo ye lè nou lekòl la. Nou dwe evite joure yo, pouse yo, pile yo paske sa ka mete nou nan konfli. Dezyèm etap ki ka ede nou lè gen konfli timoun se lè nou pale ansanm sou sa ki fè konfli a. Rakonte jan bagay la te pase a. Youn koute lòt epi aksepte nou pa toujou gen rezon.</i>	Pataj P : Timoun, n ap kontinye avèk pataj sou konfli menm jan ak 2 jou pase yo. Kounye a, an nou imajine pandan nou lekòl la gen de kamarad nou k ap goumen poutèt gen yon sèl jwèt epi yo pa vle jwe ansanm. Kisa nou t ap fè ? <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Nou ka itilize de estrateji nou te wè deja yo pou ede timoun yo rezoud konfli sa a. Gen 2 lòt etap ankò nou ka itilize tankou: chèche; timoun yo ka imajine tout solisyon ki posib pou rezoud konfli a epi « kwenn » sa vle di mete nou dakò sou yon solisyon k ap bon pou tou de moun yo.</i>	Pataj P : Timoun, n ap kontinye pataj yo sou konfli menm jan ak jou anvan yo. Sonje pandan semèn nan nou te fè lekti awotvwa sou liv Maya ap goumen. Ebyen jodi a, nou pral pataje sou sa nou sonje ki te fèt pou rezoud konfli sa a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Semèn sa a nou te gen chans dekouvri yon estrateji an 4 etap k ap ede nou rezoud konfli san vyolans ki se : kalme, pale, chèche epi kwenn. Mwen swete nou aplike estrateji sa a si nou ta twouve nou nan konfli ak kamarad nou oubyen zanmi nou..</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Pase balon . Nou pral fè de ekip, chak ekip ap gen menm kantite jwè epi yo chak ap kanpe an liy. Youn ap sou bò goch mwen, lòt la ap sou bò dwat mwen. Nou pral pase balon an men nan men sou tèt nou san l pa tonbe atè. Ekip ki gen tout jwè li ki manyen balon an jiskaske premye moun nan pase nan plas tout lòt jwè yo epi tounen ak balon an nan plas li, se li menm ki genyen. <i>N.B: Jwèt sa a gen posiblite pou l kreye mezantant nan mitan timoun yo. Raple yo lè yo pèdi pou yo aksepte sa pou yo ka evite konfli.</i>	Aktivite gwoup P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Bato a pral chavire . Mwen pral di nou gwoup konbyen moun pou nou fè lè m fin di bato a pral chavire. Chak fwa m di konbyen moun ki pou nan gwoup yo, n ap kouri fòme gwoup ak kantite moun mwen di a. Yon moun ki pa gentan nan gwoup ap pèdi epi l ap vin fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante.	Aktivite gwoup P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ak non bèt ki konn vole ak sa ki pa konn vole. Lè m site non bèt ki konn vole tout elèv ap sote. Lè m site non bèt ki pa konn vole nou pa dwe fè okenn mouvman. Si yon timoun sote pandan l pa t dwe fè mouvman oubyen l pa fè mouvman pandan l te dwe sote, l ap vin fè yo wè l. <i>(Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon).</i>	Aktivite gwoup P: Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ak non 4 fwi sa yo : pòm, mango, anana ak melon. Lè m di pòm n ap sote devan. Lè m di mango n ap sote dèyè. Lè m di anana n ap sote adwat. Lè m di melon n ap sote agoch. Si yon moun pa sote nan pozisyon mwen di a l ap vin fè yo wè l nan mitan sèk la. <i>(Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon).</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Antann pou n antann nou!				

MWA 2, SEMÈN 4				
Tèm semèn nan: Kreye relasyon		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab devlope bon relasyon ak moun nan antouraj li.		
Vokabilè Relasyon : lyen ki egziste ant moun ak moun.		Materyèl Boul lapawòl, liv Maya ak Babas gen yon nouvo zanmi		
Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou tout timoun, mwen espere nou anfòm. Semèn sa a nou pral wè ansanm enpòtans sa genyen pou gen bonjan relasyon ant moun ak moun nan yon menm kominote. Poutètsa, nou pral fè salitasyon kore . Nou pral salye youn lòt pandan nou pral kore ak koud ponyèt nou. <i>Fè yon modèl pou elèv yo.</i> P : Lè m di ‘wipipip’ n ap deplase pou n al salye kèk kamarad epi lè m di ‘weeee’ n ap tounen nan sèk la.	Salitasyon : P: Bonjou timoun mwen yo, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak non legim nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon legim. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non legim sa a. P : bonjou, mwen se kawòt. Tout timoun ap di bonjou kawòt ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak non diferan mango nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon mango. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non mango sa a. P : bonjou, mwen se mango Fransik Tout timoun ap di bonjou mango Fransik ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon pan . N ap ekate 2 bra nou tankou 2 zèl, n ap mate dèyè nou agoch adwat epi deplase pou nou salye kèk kamarad. <i>Fè yon modèl pou elèv yo.</i> Lè m di Oye oye, n ap kòmanse epi lè m di yès yès, n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Nan pataj maten an, nou pral di ak kiyès nan fanmi nou nou gen pi bon relasyon epi poukisa. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « li bèl konsa » ! Moun mwen gen pi bon relasyon nan fanmi m se papa m, paske li toujou ap ban m konsèy . Tout timoun ap reponn : li bèl konsa! <i>Sonje timoun li toujou bon pou n gen yon moun nou gen bon relasyon avè l lakay nou. Konsa, n ap kapab pataje avè l ti pwoblèm nou rankontre lekòl la, sa ki fè nou kontan ak sa ki fè nou tris pou l ka ede nou.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di ak kiyès nan klas la nou gen pi bon relasyon epi poukisa. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di : se vre wi! Moun mwen gen pi bon relasyon nan klas la se Melinda paske li se yon tifi ki janti anpil. Tout timoun ap di se vre wi ! <i>Sonje timoun lè nou gen bon relasyon ak kamarad nou sa ranfòse inite ki genyen antrenou nan klas la epi sa pèmèt nou viv an amoni.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di poukisa li bon pou nou gen zanmi. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di : li bon pou n eseyè! Li bon pou nou gen zanmi paske souvan nou konn bezwen yon moun pou nou pale. Tout timoun ap di li bon pou n eseyè ! <i>Sonje timoun yon zanmi se yon moun nou ka konte sou li ni nan bon tan ni move tan. Se sa k fè nou dwe koute zanmi nou yo lè yo gen kichòy pou yodi nou, lè yo vle jwe avèk nou, elt. Sa ap montre nou se bon zanmi.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou ka fè pou nou kenbe bon relasyon ak pwòch nou yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di : bon bagay. Pou m ka kenbe bon relasyon ak papa m mwen toujou obeyi l. <i>Pa bliye timoun kit se lakay, lekòl oubyen legliz, n ap toujou rankontre ak lòt moun. Nou bezwen demontre respè pou lòt moun lè nou koute yo, lè nou aksepte yo menmsi yo diferan. Sa ap pèmèt nou gen bon relasyon ak tout moun.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele Jako di . Chak fwa nou tandè se Jako ki di fè yon bagay, n ap fè sa nou tandè a. Men depi se pa Jako ki di l, yon elèv fè sa l tandè a, li pèdi epi l ap vin fè yo wè l. Egzanp : Jako di tèt. Tout moun ap mete men sou tèt. Jako di jenou. Tout moun ap mete men sou jenou. Jan di vant. Pyès moun pa dwe mete men sou vant, paske se pa Jako ki di sa, se Jan ki di l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pijon vole . Lè m di yon bèt ki konn vole tout moun ap sote. Lè m di yon bèt ki pa konn vole tout moun ap rete san bouje. Si yon moun fè yon aksyon pou yon lòt li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè wè yo nan wonn nan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Bato a pral chavire . Mwen pral di nou gwoup konbyen moun pou nou fè lè m fin di bato a pral chavire. Chak fwa m di konbyen moun ki pou nan gwoup yo, n ap kouri fòme gwoup ak kantite moun mwen di a. Yon moun ki pa gentan nan gwoup ap pèdi epi l ap vin fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante.	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele sèk non . Yon moun ap antre nan sèk la l ap di non l ak yon bagay li renmen. Moun k ap vin pale aprè a dwe di non moun ki te pale anvan l lan ak sa l renmen an anvan li di non pa l ak sa l renmen. Si w pa ka di non moun ki te anvan w lan ak sa l renmen ou pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè wè yo nan wonn nan. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske tout moun di non youn lòt ak sa yo renmen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: An nou viv ansanm!				

MWA 3, SEMÈN 1	
Tèm semèn nan: Idantite kiltirèl	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab dekouvri kèk eleman ki fè pati idantite kiltirèl peyi l.
Vokabilè Idantite kiltirèl : se sa ki ka pèmèt ou idantifye yon pèp, tankou : lang, tradisyon, koutim, elt.	Materyèl Boul lapawòl, liv sezisman sou sezisman

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun yo, semèn sa a nou pral pale sou idantite kiltirèl. Pou nou kòmanse, nou pral fè salitasyon ak non enstriman mizik nou konnen. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon enstriman mizik li renmen pandan l ap fè jès lè y ap jwe enstriman sa a. Lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non enstri man an pandan y ap imite jès elèv la te fè a. P : M ap fè yon modèl pou nou. Bonjou, mwen renmen tanbou (fè jès lè y ap bat tanbou a). Tout elèv yo ap reponn bonjou tanbou epi fè menm jès la. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun nou pral fè salitasyon an ak non jwèt nou renmen fè. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon jwèt. Lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non jwèt sa a. P : Bonjou, mwen renmen jwe mab. Tout elèv yo ap reponn bonjou mab. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun nou pral fè salitasyon an ak non atis ayisyen nou konnen. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon atis ayisyen li konnen. Lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non atis sa a. P : M ap fè yon modèl pou nou. Bonjou, mwen se Emeline Michel. Tout elèv yo ap reponn bonjou Emeline Michel. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon an ak non istansil/materyèl ki konn itilize nan kizin lakay nou pou fè manje. Chak elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon istansil/materyèl li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non istan sil/materyèl la. P : Bonjou, mwen konnen kwi. Tout elèv ap reponn bonjou kwi. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Maten an nou pral pataje sou gwo fèt ak anbyans nou konnen ki konn fèt nan peyi a oubyen nan zòn bò lakay nou. N ap di kijan nou konn santi nou nan moman sila yo <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje tout moun ap di welele. Fèt ki konn gen bò lakay mwen se fèt Sen Jan. M konn kontan anpil paske konn gen anpil mizik. Tout timoun ap di welele. <i>Timoun, idantite kiltirèl se sa ki ka pèmèt ou idantifye yon pèp, tankou : lang, tradisyon, koutim, elt. An Ayiti, kèk nan gwo fèt ak anbyans ki fè pati idantite kiltirèl nou se : kanaval, rara, fèt patwonal (eksplikasyon), elt. Nan moman sa yo anpil anpil moun fè deplasman pou yo al pran plezi yo.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou idantite kiltirèl menm jan ak yè? Nan pataj jodi a, nou pral bay eksplikasyon tou kout sou yon jwèt nou renmen fè. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P: Lè m fin pataje tout moun ap di li bèl vre. Jwèt mwen renmen fè se lago. Nan jwèt sa a, yon timoun ap kouri dèyè lòt yo pandan lòt yo ap chèche touche mè a pou yo pa kenbe yo. Tout timoun ap di li bèl vre. <i>Timoun nou gen anpil jwèt ki pwòp a peyi nou Ayiti, tankou : lago, kachkach liben, oslè, elt. Nou bezwen toujou kontinye jwe jwèt sa yo, paske yo pèmèt nou rete soude ak kilti nou.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou idantite kiltirèl menm jan ak 2 jou anvan yo? Kounye a, nou pral pataje sou kèk manje lokal nou konnen, sa vle di manje ki soti nan jaden lakay nou oubyen nan lòt zòn nan peyi a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P: Lè m fin pataje tout moun ap di li gou vre. Mwen renmen manje kasav ak zaboka. Tout timoun ap di li gou vre. <i>Timoun, gen anpil manje ki fèt bò lakay nou ou byen nan lòt zòn nan peyi a, tankou : pitimi, lalo, diri peyi, kasav, donmbrèy, tonmtonm, elt. Nou dwe fyè lè n ap manje manje sa yo paske se manje peyi nou epi yo bon pou lasante.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou idantite kilti rèl menm jan ak jou pase yo? Kounye a, nou pral site kèk ti chan nou konn tande epi nou aprann depi tou piti. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P: Lè m fin pataje tout moun ap di li bèl anpil. Youn nan ti chan mwen konn tande <i>se a la w bèl ti wòb</i>. Tout timoun ap di li bèl anpil. <i>Timoun, gen anpil chan ki fè pati idantite nou ak kilti nou tankou : ti poulèt madan wa, ti zwazo kote ou prale, tonton bouki, mayi a nan solèy, louloup, mwen leve dimanch maten m ale legliz, manman m gen yon ti chat li mare l nan pye tab la, 3 fwa 3 fwa se mango, ala w bèl ti wòb, pepsì pesi kola, lekesou manman ay lekesou, damdambe se dolostop, elt. (bay ton chan yo pandan w ap site yo). Nou dwe kontinye jwe ansanm epi chante ti chan sa yo pou n rete konekte ak kilti nou timoun.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele tik tak boum. Yon elèv ap bay sèk la do epi l ap di tik tak tik tak pandan boul lapawòl la ap sikile nan sèk la. Lè elèv ki deyò sèk la di boum, nan men elèv li boum nan li pral kanpe nan mitan sèk la epi jwèt la ap kontinye. Lè nan mitan sèk la vin gen 5 elèv boul la te boum nan men yo, tout lòt elèv yo pral bat men epi chante <i>fè yo wè w</i> pandan 5 elèv ki nan mitan sèk yo ap danse. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele nan lanmè sou latè. M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di nan lanmè, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di sou latè, tout moun ap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele zip zap zoup. Lè m di zip, n ap mete men sou tèt, lè m di zap n ap mete men sou zèpòl epi lè m di zoup n ap mete men sou vant. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele nimewo mizikal. Mwen bezwen 5 elèv volontè. M ap bay chak elèv sa yo yon nimewo (1 a 5). Nou pral chante ti chan ki di : <i>ti zwazo kote ou prale, mwen prale kay fiyèt lalo</i>... Pandan n ap chante, m ap rele nimewo yo youn apre lòt. Lè m rele yon nimewo l ap pase nan mitan sèk la, l ap danse epi fè jès. Tout rès elèv yo ap danse jan l danse a epi fè jès yo tou. Lè m rele yon lòt nimewo, elèv ki t ap danse a ap tounen nan sèk la epi lòt elèv m fenk rele a ap vin danse yon lòt fason epi fè lòt jès. Tout lòt elèv yo ap fè menm jan an tou. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske tout nimewo yo pase nan mitan sèk la. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Kilti m se pa m!				

MWA 3, SEMÈN 2	
Tèm semèn nan: Estim pou pwòp tèt ou	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye fason pou l devlope estim pou pwòp tèt li.
Vokabilè Estim pou pwòp tèt ou : valè ak enpòtans yon moun akòde ak pwòp tèt li.	Materyèl - Boul lapawòl, liv Kwè nan tè 2 riban/mouchwa <i>(leson 4)</i>

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou tout timoun, semèn sa a nou pral pale sou estim pou pwòp tèt. Pou nou kòmanse, nou pral fè yon salitasyon an chèn. M ap di moun ki sou bò dwat mwen an bonjou nan non l, l ap reponn mwen epi site non m. Apresa, l ap fè menm jan sou bò dwat li jiskaske tout moun fin salye youn lòt. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak non katye oubyen zòn nou abite. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non zòn oubyen katye li abite a. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non katye/zòn li te di a. P : Bonjou, mwen abite Labòd. Tout elèv yo ap reponn bonjou Labòd. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun, nou pral fè salitasyon an ak non mwa nou te fèt. Chak timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non mwa li fèt ladan l lan. Lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non mwa sa a. P : M ap fè yon modèl pou nou. Bonjou, mwen fèt nan mwa desanm. Tout elèv yo ap reponn bonjou mwa desanm. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun nou pral fè salitasyon an ak non pwofesyon/travay nou ta renmen fè lè nou vin gran. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di kisa l ta renmen vin ye lè l gran. Lòt elèv yo ap reponn bonjou pandan y ap di non sa l di a. P : Bonjou, lè mwen vin gran mwen ta renmen vin pwofesè. Tout elèv yo ap reponn bonjou pwofesè. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, nan pataj maten an nou pral di yon bagay nou renmen sou pwòp tèt nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje tout moun ap bat bravo. Mwen renmen bèl ti koulè nwa mwen nan. Tout timoun ap bat bravo! <i>Timoun, sonje lè nou gen estim pou pwòp tèt nou sa pèmèt nou bay tèt nou valè ak enpòtans. Nou bezwen renmen tèt nou, apresye chak ti efò nou fè, di bagay pozitif sou tèt nou pou nou ka santi nou byen nan po nou.</i>	Pataj: P : Timoun, nan pataj jodi a, nou pral di kèk bagay nou konn fè byen. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje tout moun ap di tchèk. Mwen konn fè kalkil byen! Tout moun ap di tchèk. <i>Timoun, pou nou gen estim pou pwòp tèt nou, nou bezwen kwè nan tèt nou, sa vle di kwè nan kapasite nou genyen pou n reyalize kèk bagay.</i>	Pataj: Jodi a timoun, nou pral pataje sou yon moman nou sonje ki te fè kè n kontan swa pandan nou lekòl la oubyen lakay nou epi n ap di poukisa moman sa te fè kè nou kontan. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di WOW. Mwen sonje pou anivèsè m elèv mwen yo te chante <i>joyeux anniversaire</i> pou mwen, sa te fè m kontan anpil! Tout timoun ap di WOW ! <i>Sonje timoun, pou nou gen estim pou pwòp tèt nou li enpòtan pou nou fè kè nou kontan epi aksepte konpliman yo fè nou.</i>	Pataj: P : Timoun, jodi a nou pral pataje sou kèk bagay lakay nou ki fè nou diferan de lòt moun, tankou : gwosè, wotè, koulè po, koulè cheve, elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di bon bagay. Mwen gwo epi mwen fyè ! Tout timoun ap reponn bon bagay ! <i>Sonje timoun, nou tout diferan youn lòt nan gwosè, wotè, koulè po, koulè cheve, longè cheve, elt. Youn nan bagay sa yo pa dwe fè nou santi nou siperyè oubyen enferyè ak lòt moun. Nou bezwen aksepte tèt nou jan nou ye a.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kat kare. Mwen pral trase kat kare atè a nan yon distans 2 pa ki ka pran 5 elèv. Chak kare ap gen 5 moun epi ap gen yon elèv k ap kanpe poukont li nan mitan kat kare yo. N ap chante yon ti chan byen ge (egzanp: mayi a nan solèy chi poul chi poul...) pandan n ap bat men epi danse. Kou m di STOP, tout elèv ki te nan kare yo ap chanje plas pou yo al nan yon lòt kare pandan elèv ki te poukont li nan mitan an ap chèche antre nan yon kare tou. Elèv ki pa gentan jwenn plas nan yon kare ap vin kanpe nan mitan kat kare yo. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske 4 ou 5 timoun pèdi. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo. Mande pou elèv yo pwoteje youn lòt lè y ap kouri soti nan yon kare pou ale nan yon lòt.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele STOP. Nou pral chante yon ti chan byen ge (<i>egzanp: mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil...</i>) pandan n ap bat men epi danse ak bèl mouvman. Kou m di STOP, tout elèv ap kanpe sèk nan pozisyon yo rive nan dans lan san bouje. Depi gen elèv ki bouje y ap pase nan sèk la pou yo vin fè wè yo. Jwèt la ka kontinye jiska 3 ou 4 fwa. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ak non bèt ki konn vole. M ap fè boul lapawòl la pase epi nan men chak moun li rive l ap di non yon bèt ki konn vole. Si l ezite oubyen li pa jwenn non bèt la, l ap vin fè yo wè l nan mitan sèk la. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kiyès mwen ye. M ap bezwen 5 elèv pou fòme yon ti sèk anndan gran sèk la. M ap bezwen yon elèv volontè ki konn non 5 elèv yo ki pou kanpe nan mitan ti sèk la pou m bande je l. Tout moun ap chante : <i>Kiyès mwen ye? Se mwen li ye ?</i> (<i>ton chante kiyès ki chèf se mwen ki chèf</i>). Pandan y ap chante a, 5 elèv yo ap fè wonn elèv ki gen je bande a. Lè m leve men m anlè, n ap sipann chante epi 5 elèv yo ap sispann bouje. Elèv ki gen je li bande a bezwen touche epi di non moun ki kanpe devan l lan. Si l idantifye l tout moun ap bat bravo, si l pa rive idantifye l n ap kontinye chante menm jam epi 5 elèv yo ap fè menm mouvman an. Yon elèv ka eseye 2 fwa. Jwèt la ka kontinye ak 2, 3 ou 4 elèv jiskaske yon moun genyen.	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a!				

MWA 3, SEMÈN 3	
Tèm semèn nan: Kominikasyon	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab kominike pi byen ak moun nan antouraj li.
Vokabilè Kominike : Se pale ak lòt moun.	Materyèl - Boul lapawòl, lakrè (<i>leson3</i>), - Liv Ana ak Tiga antann yo byen

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou tout timoun, mwen espere nou te pase yon bon wikenn. Semèn sa a nou pral fè yon ti pale ansanm sou kominikasyon. Men anvan nou fè sa nou pral fè salitasyon an ak non bèt ki viv nan dlo nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon bèt ki viv nan dlo yo konnen. Tout timoun yo ap reponn bonjou pandan y ap di non bèt sa a. P : bonjou, mwen konn kribich. Tout timoun ap di bonjou kribich! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non zwazo. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon zwazo. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non zwazo a tou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon avèk diferan manje nou genyen nan kizin ayisyèn nan. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon manje nan kizin ayisyèn nan. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non manje sa a. P : bonjou, mwen se tchaka. Tout timoun yo ap reponn bonjou tchaka! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon makak . Tout timoun ap deplase yon bò pi wo yon bò pi ba pandan y ap frape men yo sou lestomak yo tankou makak pou salye kèk kamarad. <i>Fè yon modèl pou elèv yo.</i> P : Lè m di Oye oye, n ap kòmanse epi lè m di yès yès n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Nan pataj maten an, nou pral di kisa kominike vle di ? <i>Raple elèv yo prensip pataj.</i> P : Mèsi timoun pou bèl pataj sa yo. <i>Nou kominike se lè nou pale ak lòt moun. Nou kapab fè sa nan telefòn, atravè lèt oubyen fasafas. Sonje timoun genyen 2 prensip ki fondamantal lè n ap kominike : nou bezwen koute moun nou ap pale avèk li a epi nou bezwen demontre respè pou li.</i> <i>Moun ki pa ni pale ni tande yo, yo menm yo kominike atravè jès.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di poukisa nou panse li enpòtan pou nou byen koute lè n ap kominike? <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Timoun, lè nou koute moun n ap pale avè l la, sa pèmèt nou konprann sa l ap di a epi byen reponn li ; sa montre nou gen respè pou li.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di ki pwoblèm nou konn genyen lè nou ap kominike ak lòt ti kamarad nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Youn nan pwoblèm nou ka jwenn lè n ap kominike timoun, se lè ou ap pale ak yon moun li pa ba ou chans pou di yon mo, se li ki pou pale sèlman. Lè sa rive nou pa bezwen enève, nou ka montre nou pasyan lè nou koute l epi tann lè pou nou plase mo pa nou oubyen fè l siy pou montre l ou vle di yon bagay tou.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di kòman nou ka amelyore fason nou kominike avèk lòt moun. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Sonje timoun pou nou byen kominike nou bezwen koute moun nou ap pale avè l la pou nou ka ba li repons ki apwopriye.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele 4 kote . Lè m di mango n ap fè yon pa devan ; lè m di zaboka n ap fè yon pa dèyè ; zoranj yon pa adwat ; sitwon yon pa agoch. Yon moun ki fè yon aksyon pou yon lòt li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè to wè yo nan wonn nan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele tomat . Nou pral konte nan sèk la. Chak mou nap di yon chif. Chak fwa nou jwenn miltip 5 yo n ap di tomat. Depi yon moun di miltip 5 yo tankou 5, 10, 15, 20, ... li pèdi. Depi li ezite li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè yo wè yo nan wonn nan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele rele nan lanmè sou latè . M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di nan lanmè, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di sou latè, tout moun ap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Pou aktivite gwoup maten an nou pral aprann yon bèl ti chante ansanm. M ap dikte nou pawòl yo apres a m ap ban nou ton an. 1,2,3 KO 4,5,6 MI , 7,8,9 NI ; 10, 11,12 KE se kominike Koute reyaji se, se kominike ; Fè pase mesaj se, se kominike <i>Chante plizyè fwa ak elèv yo jiskaske yo konn chante a.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: An n kominike avèk respè!				

MWA 3, SEMÈN 4	
Tèm semèn nan: Pran desizyon	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab devlope kapasite pou li pran bon desizyon.
Vokabilè Desizyon: mezi yon moun pran pou li fè oubyen pa fè yon bagay.	Materyèl - Boul lapawòl - Liv: Lekòl Ana ak Tiga genyen yon bèl jaden

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 -Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou anfòm. Semèn sa a nou pral pale sou tèm «pran desizyon». Pou nou kòmanse, nou pral salye youn lòt ak non ti zanmi nou yo . Ti zanmi sa a pa oblije nan klas la. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon ti zanmi yo genyen. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non ti zanmi sa a. P : Bonjou, mwen gen yon ti zanmi ki rele Jaklen. Tout elèv yo ap reponn bonjou Jaklen ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non mwa nan ane a . Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon mwa nan ane a. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non mwa sa a. P : Bonjou, nan ane a gen desanm. Tout elèv yo ap reponn bonjou mwa desanm ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non peyi nou konnen . Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon peyi. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non peyi sa a. P : Bonjou, mwen se Brezil. Tout elèv yo ap reponn bonjou Brezil! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun nou pral fè salitasyon an ak non flè nou konnen. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon flè. Lòt elèv yo ap reponn bonjou pandan y ap di non flè li di a. P : M ap fè yon modèl pou nou. Bonjou, mwen konnen flè dizè. Tout elèv yo ap reponn bonjou flè dizè. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P: Timoun, maten an nou pral pataje sou kisa yon desizyon ye. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Timoun, desizyon se mezi yon moun pran pou li fè oubyen pa fè yon bagay.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral kontinye pataje sou kèk desizyon nou konn pran. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di yès. Mwen konn chwazi mete wòb lè m prale legliz. Tout timoun ap di yès. <i>Timoun, chak jou nan lavi nou, nou fè fas ak sityasyon ki mande pou nou pran desizyon, tankou : ki jwèt n ap jwe, ak kiyès n ap jwe, ki rad nou vle mete, elt. Lè nou chwazi fè youn nan bagay sa yo se yon desizyon nou pran.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral sou sa nou fè anvan nou pran yon desizyon. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Sonje timoun, anvan nou pran yon desizyon nou bezwen reflechi, paske desizyon nou pran yo toujou gen konsekans. Lè nou byen reflechi anvan nou pran yon desizyon sa konn pèmèt nou pran yon bon desizyon.</i>	Pataj: P : Timoun, nan pataj maten an nou pral di kijan nou kapab pran pi bon desizyon. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di bon bagay. Lè m koute paran m, mwen pran bon desizyon. Tout timoun ap di bon bagay. Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Lè nou koute paran nou, pwofesè nou ak moun ki pi gran pase nou, sa a pèmèt nou pran pi bon desizyon. Se poutèt sa, li enpòtan pou nou koute moun sa yo epi mande yo konsèy lè nou vle pran yon desizyon.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele atouti atouta . Mwen pral rakonte nou yon ti istwa. Chak fwa nou tande atouti, n ap leve de men nou anlè. Chak fwa nou tande atouta, n ap mete men nou sou jenou nou. <i>P : Fè youn oubyen de modèl pou timoun yo avan w kòmanse.</i> <i>N.B: Lè yon moun pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele zip zap zoup. Lè m di zip, n ap mete men sou tèt, lè m di zap n ap mete men sou zèpòl epi lè m di zoup n ap mete men sou vant. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele nimewo mizikal . Mwen bezwen 5 elèv volontè. M ap bay chak elèv sa yo yon nimewo (1 a 5). Nou pral chante ti chan ki di : <i>ti zwazo kote ou prale, mwen prale kay fityèt lalo</i> ... Pandan n ap chante, m ap rele nimewo yo youn apre lòt. Lè m rele yon nimewo l ap pase nan mitan sèk la, l ap danse epi fè jès. Tout rès elèv yo ap danse jan l danse a epi fè jès yo tou. Lè m rele yon lòt nimewo, elèv ki t ap danse a ap tounen nan sèk la epi lòt elèv m fenk rele a ap vin danse yon lòt fason epi fè lòt jès. Tout lòt elèv yo ap fè menm jan an tou. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske tout nimewo yo pase nan mitan sèk la. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : timoun, nan aktivite gwoup maten an, mwen pral di yon seri fraz. Si nou panse se yon bon desizyon n ap di <i>wi sa bon</i> . Si nou panse se yon move desizyon, n ap di <i>non sa pa bon</i> . P : Mwen fè silans lè wofesè a ap pale. <i>(bon desizyon)</i> P : Mwen pa jwe ak timoun ki andikape. <i>(move desizyon)</i> P: Men jwe ak tifi sèlman. <i>(move desizyon)</i> P: Mwen jwe ak tigason sèlman. <i>(move desizyon)</i> P: Mwen toujou di bonjou, mèsi ak silvouplè <i>(bon desizyon)</i> <i>N.B : si w jwenn repons kontrè, sa vle di elèv la di bon desizyon kote l ta dwe di move desizyon oubyen move desizyon kote l ta dwe di bon desizyon. Fè yon ti pale sou pwen sa a pou w ka fikse bon repons lan pou elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Nou dwe reflechi avan nou aji!				

MWA 4, SEMÈN 1	
Tèm semèn nan: Tolerans	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye fason pou li devlope tolerans.
Vokabilè Tolerans : Atitid ki pèmèt ou respekte opinyon lòt moun menmsi li diferan de sa ou panse.	Materyèl - Maya ak Babas gen yon nouvo zanmi - Boul lapawòl, 2 balon (<i>leson4</i>)

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Pou semèn sa a nou pral pale sou tolerans. Pou nou kòmanse, nou pral fè salitasyon ak non metye nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon metye. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non metye sa a. P : Bonjou, mwen konnen enjenyè. Tout elèv ap reponn bonjou enjenyè. P : Lè m frape menm yon fwa n ap kòmanse. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non lèt nan alfabè kreyòl la . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon lèt nan alfabè kreyòl la. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non lèt sa a. P : Bonjou, mwen J. Tout elèv ap reponn bonjou J ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non manje ki donnen anba tè nou renmen (patat, yanm, malanga, kawòt, manyòk, pòmdetè, elt...). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon manje ki donnen anba tè. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non manje sa a. P : Bonjou, mwen renmen manyòk. Tout elèv ap reponn bonjou manyòk ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non mèb nou jwenn nan kay. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon mèb. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non mèb sa a. P : Bonjou, mwen se kabann. Tout elèv ap reponn bonjoukabann ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P: Timoun, maten an nou pral pataje sou kisa tolerans vle di. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi anpil timoun mwen yo. <i>Timoun, tolerans se yon kalite ki fè w aksepte lòt moun, oubyen pwendvi lòt moun menm si li diferan. Egzanp : yon moun gen dwa pa pale menm jan avè m, men mwen p ap fawouche l oubyen ri li pou sa ; yon moun gen dwa pa dakò ak yon bagay mwen di, men nou pa bezwen nan kont pou sa.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou kèk fason nou ka montre nou toleran. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>kenbe konsa !</i> Mwen pa fawouche timoun ki andikape yo. Tout timoun ap di <i>kenbe konsa.</i> <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> Mèsi anpil timoun pou pataj nou yo. <i>Timoun, sonje nou montre toleran lè nou aksepte lòt moun menm si yo pa gen menn koulè ak menm sèks avèk nou ; menm si fanmi nou pa gen menm mwayen, menm si yo pa byen pòtan menm jan avèk nou, elt.</i>	Pataj: P : Timoun, nou pral pataje sou kèk kategori moun ki sitou mande pou nou toleran anvè yo (timoun piti, granmoun, fanm ansent, andikape, elt). P : Lè mwen fini pataje, tout moun ap di mwen dakò ! Mwen bezwen montre mwen toleran avèk ti sè m nan paske li poko konprann tout bagay. Tout mou nap di : mwen dakò. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi anpil timoun pou pataj nou yo. <i>Li enpòtan pou nou montre nou toleran anvè tout moun, sitou moun ki vilnerab yo, tankou : timoun piti, granmoun, fanm ansent, andikape, elt. Sa ap montre nou mete nou nan plas yo, sa vle di nou konprann yo.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou kòman nou ka vin pi toleran. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di sa a bon! Lè m wè m pa gen rezon mwen konn chanje fason m panse. Tout elèv ap reponn sa a bon ! <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi anpil timoun mwen yo. <i>Timoun, kèk fason nou ka montre nou toleran se : rekonèt nou pa toujou gen rezon, apresye sa ki diferan, koute lòt moun avèk atansyon, elt.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kous pengwen . Mwen fòme 2 ekip. Chak ekip ap chwazi yon elèv ki pou reprezante l. M ap trase yon liy kote pou nou kòmanse kous la ak yon liy kote kous la ap fini. De elèv yo ap gen yon balon ki fèmen anndan janm yo epi kwaze bra yo dèyè do yo. Lè m konte rive sou 4, de elèv yo ap deplase pi vit posib pandan chak ekip ap chofe jwè pa yo. Elèv ki rive anvan se ekip li a ki genyen. <i>Si pa gen balon, itilize boul papye oubyen nenpòt materyèl ki apwopriye.</i> <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele zip zap zoup . Lè m di zip, n ap mete men sou tèt, lè m di zap n ap mete men sou zèpòl epi lè m di zoup n ap mete men sou vant. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kat kare . Mwen pral trase kat kare atè a nan yon distans 2 pa ki ka pran 5 elèv. Chak kare ap gen 5 moun epi ap gen yon elèv k ap kanpe poukont li nan mitan kat kare yo. N ap chante yon ti chan byen ge (egzanp: mayi a nan solèy chi poul chi poul...) pandan n ap bat men epi danse. Kou m di STOP, tout elèv ki te nan kare yo ap chanje plas pou yo al nan yon lòt kare pandan elèv ki te poukont li nan mitan an ap chèche antre nan yon kare tou. Elèv ki pa gentan jwenn plas nan yon kare ap vin kanpe nan mitan kat kare yo. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske 4 ou 5 timoun pèdi. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo. Mande pou elèv yo pwoteje youn lòt lè y ap kouri soti nan yon kare pou ale nan yon lòt.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Pase balon . Nou pral fè de ekip, chak ekip ap gen menm kantite jwè epi yo chak ap kanpe an liy. Youn ap sou bò goch mwen, lòt la ap sou bò dwat mwen. Nou pral pase balon an men nan men sou bò goch nou nèt epi pou l tounen sou bò dwat nou. Chak gwoup ap chofe ekip li. Balon ki tounen anvan an nan men premye moun ki nan liy lan se ekip li a ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: An nou kiltive tolerans!				

MWA 4, SEMÈN 2				
Tèm semèn nan: Renmen tèt ou		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye fason pou l renmen tèt li.		
Vokabilè Renmen tèt ou : se aksepte epi renmen moun ou ye a.		Materyèl Boul lapawòl, liv kwè nan tèt		
Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon papiyon . Chak elèv ap mete de men yo sou hanch yo epi y ap bouje yo tankou zèl papiyon. Lè m di wipipì, tout moun ap deplase ak jès papiyon pou al salye kèk kamarad. Lè m di weeeee tout moun ap retounen nan sèk la.	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak son nou pi renmen nan alfabè kreyòl la . Kèk ap pase nan wonn nan pou salye gwoup la. Y ap di gwoup la bonjou ak son yo pi renmen nan alfabè a epi rès gwoup la ap reponn pandan y ap di son sa a P : Bonjou, mwen se /S/. Tout elèv yo ap reponn bonjou /S/. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak sezon nan ane a nou pi renmen (prentan, ete, otòn ak ivè). Kèk elèv ap pase nan wonn nan pou salye gwoup la. Y ap di gwoup la bonjou ak sezon yo pi renmen nan ane a epi rès gwoup la ap reponn pandan y ap di sezon sa a. Se pa yon pwoblèm si plizyè elèv chwazi yon menm sezon. P : Bonjou, mwen renmen sezon se ivè. Tout elèv yo ap reponn bonjou ivè. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak non fèy te nou konnen. Kèk elèv ap pase nan wonn nan pou salye gwoup la. Y ap di gwoup la bonjou ak yon fèy epi rès gwoup la ap reponn pandan y ap di fèy sa a P : Bonjou, mwen se atiyayo. Tout elèv yo ap reponn bonjou atiyayo. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di kisa nou gen nan nou ki fè nou espesyal. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di bon bagay ! Sa m gen nan mwen ki fè m espesyal se bèl ti koulè nwa m nan ak jansiv vyolèt mwen an. Tout timoun ap reponn bon bagay ! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Timoun, nou chak gen yon bagay diferan ki fè nou santi nou espesyal. Se sa ki fè nou chak se yon moun apa. Donk kèlkeswa jan fizik nou ye, kèlkeswa koulè nou genyen nou dwe renmen tèt nou paske bagay sa yo pa depann de nou.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an, nou pral di kisa nou panse yon moun ka pa renmen nan kò li. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di ooooo ! Mwen panse yon moun gen dwa pa renmen lè l gwo. Tout timoun ap reponn ooooo ! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Tande timoun, pa gen moun ki pafè. Sa ka rive nou gen kèk bagay nou pa renmen nan kò nou. Nou pa dwe konsantre sou yo paske nou pa ka chanje yo. Epi pa okipe pèsonn moun k ap di nou nou lèd paske nou gen po nwa ak tèt grenn. Se pa vre ditou, an nou gade pito sou sa ki fè nou espesyal yo.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di kèk bagay nou konn reyalize ki konn fè nou kontan. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di wow ! Mwen konn kontan anpil lè m wè tout timoun mwen yo ap li. Tout timoun ap reponn wow ! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Sonje timoun nou gen anpil bon bagay nou ka fè. Nou mèt fye de bagay sa yo. Nou ka felisite tèt nou, nou ka bat bravo pou tèt nou lè nou reyalize yon bagay ki fè kè nou kontan.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an nou pral di kisa nou ka fè pou n ka pi renmen tèt nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di sa bon. Pou m ka pi renmen tèt mwen, mwen kenbe kò m pwòp. Tout timoun ap reponn sa bon. Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Lè nou kenbe kò nou pwòp , sa vle di nou pa sal inifòm nou, soulye nou, lè nou pa kite larim ap koule nan nen nou , sa ka fè nou santi nou bèl. Sa ka fè lòt moun renmen nou tou. Konsa, nou ka vin pi renmen tèt nou.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ak non bèt ki konn vole ak sa ki pa konn vole . Lè m site non bèt ki konn vole tout elèv ap sote. Lè m site non bèt ki pa konn vole nou pa dwe fè okenn mouvman. Si yon timoun sote pandan l pa t dwe fè mouvman oubyen l pa fè mouvman pandan l te dwe sote, l ap vin fè yo wè l. (Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon).	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt imitasyon . Nou pral kanpe youn dèyè lòt nan yon demi sèk. Elèv ki devan nèt la ap fè yon seri jès tout lòt yo ap imite, tankou : bat men, danse, sote, mache, bese, elt. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele rele nan lanmè sou latè . M ap trase se yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di nan lanmè, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di sou latè, tout mou nap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele 4 kote . Lè m di mango n ap fè yon pa devan ; lè m di zaboka n ap fè yon pa dèyè ; zoranj yon pa adwat ; sitwon yon pa agoch. Yon moun ki fè yon aksyon pou yon lòt li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè to wè yo nan wonn nan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a!				

MWA 4, SEMÈN 3				
Tèm semèn nan: Fyète nasyonal		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab dekouvri kèk bagay fè fyète nasyonal peyi a.		
Vokabilè Fyète nasyonal : se tout sa ki kapab fè yon moun santi li fyè depeyi li.		Materyèl Boul lapawòl, fèy papye		
Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5 - Revizyon
Salitasyon : P: Semèn sa a timoun nou pral pale sou fyète nasyonal. Fyète nasyonal se tout sa ki kapab fè yon moun santi li fyè de peyi li. Pou nou kòmanse ak sèk Matine a, nou pral fè salitasyon kòmandan . Chak timoun ap deplase pou l al salye yon kamarad li. Men goch nou dwe kole sou kò nou, men dwat la ekate epi kole sou fwon nou. Youn ap di lòt bonjou kòmandan. Apresa, y ap di dispoze epi toulède ap desann men yo. Lè m di gadavou n ap kòmanse epi lè m di avozòd n ap retounen nan plas nou. <i>Fè yon modèl ak yon elèv.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak yon ti chan nou pral aprann. N ap chante, n ap danse epi n ap fè jès. Bonjou zanmi m yo kòman nou ye (2 fwa)? <i>(Frape men w 2 fwa pla pla)</i> Bonjou zanmi m yo kòman nou ye (2 fwa)? <i>(Frape men w 3 fwa pla pla pla)</i> Mwen anfòm ou anfòm li anfòm nou anfòm Bonjou zanmi m yo kòman nou ye? <i>(Frape men w 3 fwa pla pla pla).</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non pèsounaj istorik konnen, tankou : Desalin, Tousen, Kristòf, Petyon, Kapwa Lamò, Sanit Belè, Klè Erez, Katrin Flon, Mari Jàn, elt . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon pèsounaj istorik. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non pèsounaj sa a. P : Bonjou, mwen se Tousen. Tout elèv yo ap reponn bonjou Tousen.	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non premye lèt nan non nou . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non premye lèt nan non l. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non lèt li site a. P : Bonjou, mwen se M. Tout elèv yo ap reponn bonjou M.	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou konnen sou fèt drapo nou, tankou : dat yo fete drapo a, vil kote yo te kreye l, moun ki te koud li, koulè l, fason koulè yo dispoze, elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « tchèk pou li » ! Moun ki te koud drapo nou an se Katrin Flon. Tout timoun ap di : chèk pou li ! Mèsi timoun pou bèl pataj nou yo. <i>Timoun, drapo nou an te kreye Akayè nan dat 18 me 1803. Se Katrin Flon ki te koud li. Koulè drapo a se ble ak wouj. Ble a plase anwo epi wouj la anba, nan mitan drapo a gen yon ti kawo blan ki gen yon pye palmis ki se anblèm li bète nou ak deviz nasyon an ki se «l’union fait la force».</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou konnen sou premye janvyè, tankou : ki aktivite ki konn fèt, ki manje nou konn wè yo fè lakay nou, sa nou konn tandè ki di sou jou sa a, elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè fin pataje, tout moun ap di Ayiti ! premye janvyè se dat nou fete endepandans nou. Tout timoun ap di Ayiti ! Mèsi timoun pou bèl pataj nou yo. <i>Sonje timoun, 1e janvyè se dat yo fete endepandans Ayiti, sa vle di dat kote nou te soti nan esklavaj epi pran libète nou nan men blan franse. Jou sa a anpil ayisyen fè soup joumou epi gen granmoun ki konn bay timoun zetrenn (kado).</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou konnen sou 18 novanm, tankou : ki aktivite ki konn fèt, kisa nou konn tandè ki di sou jou sa a, ki non pèsounaj nou konn tandè yo site lè y ap pale sou dat sa, elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « ochan pou ewo nou yo ! Se Vètyè dènye batay pou endepandans lan te fèt. Tout timoun ap reponn ochan pou ewo nou yo. <i>**Mèsi timoun pou bèl pataj nou yo.</i> <i>Dat 18 novanm nan timoun, se dat yo fete dènye batay zansèt nou yo te genyen sou blan franse pou n te ka soti nan esklavaj. Nan dat sa a konn gen defile ak parad nan lari. Konn gen moun ki degize ak kostim ewo endepandans yo.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou konn tandè lè y ap pale sou istwa Ayiti, tankou : non fò zansèt nou yo te konstwi, nan ki depatman yo ye, poukisa yo te konstwi yo, elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « viv ewo endepans nou yo ! Mwen konn tandè pale sou Sitadèl la. Li nan depatman Nò. Yo di se Henri Christophe ki te fè konstwi l. Tout timoun ap reponn viv ewo endepandans nou yo ! Mèsi timoun pou bèl pataj nou yo. <i>Sonje timoun, zansèt nou yo te fè konstwi anpil fò pou te pwoteje peyi a apre endepandans nou. Gen sitadèl Laferyè nan Nò, fò Jak ak Aleksand nan Lwès, fòterès platon nan Sid, fò Mafran nan Grandans, elt. Fò sa yo egziste jis jodi a. Yo reprezante fyète nou kòm pèp.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral aprann epi chante im nasyonal nou an an kreyòl. Pou Ayiti peyi Zansèt yo Se pou n mache men nan lamen Nan mitan n pa fèt pou gen trèt Nou fèt pou n sèl mèt tèt nou An nou mache men nan lamen Pou Ayiti ka vin pi bèl An nou, an nou, met tèt ansanm Pou Ayiti onon tout Zansèt yo.	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt kote nou pral konte ak pati sa yo nan kò nou : tèt, men dwat, men goch, pye dwat, pye goch ak senti nou. Pou chak pati sa yo n ap konte soti nan 1 pou rive na 5. Apresa, n ap desann jiskaskè nou rete ak 1 sèlman. 1,2,3,4,5 1,2,3,4 1,2,3 1,2, 1	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele akwoupi . N ap fòme 2 ekip. Chak ekip ap deziye yon moun pou reprezante l. 2 reprezantan yo ap akwoupi youn fas ak lòt. M ap mete boul lapawòl la nan mitan yo 2 a. M ap site diferan pati pou yo touche nan kò yo tankou : tèt, jenou vant, zòtèy, zepòl. Chak fwa m site yon pati, tou 2 jwè yo ap touche pati m site a, men kou m di BOUL, moun ki gentan pran boul la anvan an se ekip li a ki genyen. Chak ekip ap chofe jwè pa l pandan aktivite a. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.Jiska 3 binom ka pase nan aktivite sa a. chanje lòd w ap site pati yo epi ale pi vit tanzantan.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt kous. N ap fè 2 ekip epi chak ekip ap chwazi yon jwè pou reprezante yo. M ap mete 6 objè an liy atè a (moso katon, fèy paye oubyen nenpòt lòt materyèl apwopriye), youn agoch mwen epi lòt la adwat. M ap kite espas 2 pa nan mitan chak liy yo epi yon demi pa nan mitan chak objè yo mezi pou yon moun ka pase nan mitan yo. Ap gen yon chèz k ap gen boul lapawòl la sou li nan distans yon pa apre 6èm objè a. 2 jwè yo ap kanpe dèye chak liy pa yo (dèye premye objè a). Kou m di 4, tou 2 jwè yo ap kouri pase nan mitan 6 objè yo san yo pa pile yo. Jwè ki rive pran boul lapawòl la anvan an se ekip li a ki genyen. Ekip ki pèdi a aplodi sa ki genyen an. jwèt la ap kontinye jiska 3 fwa, men chak fwa sa yo ekip yo ap deziye lòt jwè pou reprezante yo epi y ap chofe ekip yo pandan jwèt la.	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Istwa m se fyète m!				

MWA 4, SEMÈN 4	
Tèm semèn nan: Kwè nan tèt ou	Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab montre konfyans nan tèt li.
Vokabilè Kwè nan tèt ou : se kwè nan tout sa w genyen kòm atou, tankou : kapasite w ak kalite.	Materyèl - Boul lapawòl, plim, kreyon, wòch, lakrè (<i>leson 2</i>). - Imaj : chen, chat, bèf, kabrit, bourik ak kòk (<i>leson 3</i>). Liv Kwè nan tèt ou

Leson 1	Leson 2	Leson 3	Leson 4	Leson 5- Revizyon
Salitasyon: P: Semèn sa a timoun tè nou pral wè ansanm se kwè nan tèt ou. Kwè nan tèt ou se kwè nan tout sa w genyen kòm atou, tankou : kapasite w ak kalite. Pou nou kòmanse Sèk matine a, nou pral fè salitasyon an pandan n ap chante. Nou pral chante ti chan sa a ansanm : <i>Kòman nou ye, n ap kenbe (3 fwa) avèk entèl nou tout trè byen.</i> Chak timoun ap di non l epi lòt yo ap reponn nou tout trè byen.	Salitasyon P: Bonjou timoun yo, semèn sa a nou pral pale sou idantite kiltirèl. Pou nou kòmanse, nou pral fè salitasyon ak non enstriman mizik nou konnen. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon enstriman mizik li renmen pandan l ap fè jès lè y ap jwe enstriman sa a. Lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non enstriman an pandan y ap imite jès elèv la te fè a. P : M ap fè yon modèl pou nou. Bonjou, mwen renmen tanbou (fè jès lè y ap bat tanbou a). Tout elèv yo ap reponn bonjou tanbou epi fè menm jès la. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak bagay nou jwenn nan lanati (lanmè, rivyè, pyebwa, mòn, elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bagay nan lanati. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non sa kamarad yo te site a.	Salitasyon P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak diferan mwayen transpò nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon mwayen transpò. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non mwayen transpò sa a. P : Bonjou, mwen se bekàn. Tout elèv yo ap reponn bonjou bekàn. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa ki fè fòs nou, sa vle di kalite nou genyen. Modèl : P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>sa se bèl bagay!</i> Mwen renmen pataje sa m genyen ak lòt moun. Tout timoun ap reponn : <i>sa se bèl bagay!</i> <i>Sonje timoun, nou tout gen anpil bèl kalite nan nou ki fè fòs nou. Nou dwe kwè nan kapasite sa yo k ap pèmèt nou fè anpil</i> bèl bagay.	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou ka fè pou nou kontinye kenbe kalite nou genyen yo. Modèl : P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>kontinye kenbe konsa!</i> Pou m kenbe kalite mwen genyen, m ap kontinye pataje sa m genyen ak lòt moun. Tout timoun ap reponn : <i>kontinye kenbe konsa!</i> <i>Sonje timoun, li enpòtan pou nou fè efò pou nou kenbe bon kalite nou genyen yo.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou feblès/defo nou. Modèl : P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>hmm sa pa bon!</i> Mwen pa renmen pataje sa m genyen ak lòt moun. Tout timoun ap reponn : <i>hmm sa pa bon!</i> <i>Sonje timoun, tout moun gen pwen fèb, tout moun gen defo, se sa ki fè nou se imen. Pa panse se yon move bagay paske nou gen yon feblès oubyen defo. Nou sèlman bezwen travay pou n amelyore yo.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa nou ka fè pou nou amelyore feblès oubyen defo nou yo. Modèl : P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>Wi sa bon !</i> Mwen pa t konn renmen pataje sa m genyen ak lòt moun, kounye a mwen pral kòmanse fè sa. Tout timoun ap reponn : <i>Wi sa bon !</i> <i>Timoun, nou bezwen fè efò pou nou amelyore feblès oubyen defo nou genyen yo, paske sa ap fè nou vin yon pi bon moun.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite sou kalite ak defo. Lè m di yon fraz ki montre kalite n ap sote devan, lè m di yon fraz ki montre defo, n ap sote dèyè. P : An n fè yon modèl. - Jan renmen ede zanmi l yo (timoun yo ap sote devan). - Pyè renmen bay kamarad li yo kou (timoun yo ap sote dèyè). N.B: Lè yon moun pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou li fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante. <i>Anseyan an ap fè yon lis ki gen 4 kalite a 3 defo pou l fè aktivite a.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele tik tak boum . Mwen pral mete 5 objè atè nan mitan sèk la (kreyon, boul lapawòl, wòch, plim ak lakrè). Yon elèv ap kite sèk la pou l al cache pandan lòt elèv yo ap deside kiyès nan 5 objè yo k ap bonm lan. Lè elèv la tounen li pral kòmanse ranmase objè yo dousman youn apre lòt pandan lòt elèv yo ap di tik tak tik tak. Kou l manyen objè ki se bonm lan tout elèv ap di BOUM !. Jwèt la ap kontinye ak lòt elèv. Sila a ki rive manyen 4 nan objè yo san l pa manyen bonm lan se li ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye e a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele bèt mizikal . Tout moun ap bat men yo byen fò ansanm avè m. Lè m sispann bat men m epi montre imaj yon bèt, n ap sispann bat men nou epi imite kri bèt nou wè nan imaj la. Lè m desann imaj la n ap rekòmanse bat men nou ansanm byen fò. M ap montre nou imaj yon lòt bèt, n ap sispann bat men nou epi imite kri nouvo bèt la. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaskè mwen fin montre nou tout imaj yo. <i>Fè yon egzanp ak elèv yo. Itilize imaj : chen, chat, bèf, kabrit, bourik, kòk pou aktivite sa a).</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral chante ti chan sa a ansanm pandan n ap danse: Mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil. Kenbe mwen anpil (2 fwa) Mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil. Kenbe mwen anpil, fò m retire l. <i>Kontinye chante a pandan w ap ajoute lòt pati nan kò a epi chante l pi vit tanzantan.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan: Mwen kwè nan tèt mwen!				

MWA 5, SEMÈN 1				
Tèm semèn nan : anpati		Objektif : Nan fen semèn, elèv la ap kapab devlope anpati pou moun ki nan antouraj li.		
Vokabilè: Anpati: kapasite yon moun devlope pou li mete l nan plas yon lòt moun lè li montre li konprann emosyon k ap travèsè li.		Materyèl : boul lapawòl, tèks sou anpati Liv : Tèks pou ajoute		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Leson revizyon
Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou anpati. Anpati se kapasite yon moun devlope pou li mete l nan plas yon lòt moun. Nou kapab manifeste anpati anvè fanmi, ti kamarad lekòl nou, timoun nan katye nou ak lòt moun ki nan kominote nou. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak non tout bèt nou konnen ki ponn ze (poul, pentad, kodenn, kana, zòtolan, elt). Senk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bèt ki ponn ze. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen se zwa. Tout elèv yo ap reponn bonjou zwa. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak non manje ki popilè nan kèk zòn nan peyi a . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon manje li konnen ki popilè nan yon zòn nan peyi a. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non manje sa a. P : Bonjou, Tonmtonm popilè nan Jeremi. Tout elèv yo ap reponn bonjou tonmtonm. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak tout mwayen moun itilize pou yo deplase nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon mwayen dep拉斯man li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non mwayen dep拉斯man sa a. P : Bonjou, mwen ka itilize bourik pou m deplase. Tout elèv yo ap reponn bonjou bourik. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak non pyebwa nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon pyebwa li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non pyebwa sa a. P : Bonjou, mwen konnen pye monben. Tout elèv yo ap reponn bonjou pye monben. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas anpati dwe genyen nan mitan nou, pou nou ka rive viv byen nan sosyete a. Sa vle di, souvan, nou bezwen mete nou nan plas yon lòt moun pou n kapab konprann sa k ap travèsè l nan yon moman an patikilye. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «yès»! Jak malad nan pye lè m ap pase bò kote l, mwen fè efò pou m pa frape l. Tout timoun ap di « yès »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nou montre anpati pou yon lòt moun lè nou chèche ase resous anndan nou pou rive konprann sa k ap pase yon lòt epi mete nou nan plas li. Nou ka montre anpati pou yon moun lè li malad, trisoubyen lè li gen yon pwoblèm, elt. Sa ap pèmèt nou viv pi byen chak jou lè nou konprann emosyon k ap travèsè youn lòt epi mete nou nan plas lòt la.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou anpati. Souvan nou bezwen bliye opinyon pa nou yon ti moman pou ka wè yon sityasyon menmjan ak yon lòt moun. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « tchèk tchèk »! Mari fache paske li pa t tande sa Patrick te di li. Patrick konprann li pa t tande li esplike sa li te di a. Tout timoun ap di tchèk tchèk! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè nou gen anpati pou moun kèk fwa nou pa bezwen poze li kesyon pou konprann sa k ap pase li a. Nou gentan wè oubyen konprann sa li genyen an epi nou fè yon aksyon pou soulaje l. Lè nou poze aksyon sa yo nou ede moun ki bò kote nou rejwenn ekilib yo pi vit, li gen pi bon rezilta.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou anpati. Pa bliye nou te di anpati pèmèt ou mete w nan plas yon lòt pou w ka reponn ak yon move konpòtman li afiche. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Bon bagay »! Jina rive lekòl byen boude, li tonbe bay tout timoun kou, se lè sa m sonje li gen ti frè li ki lopital, mwen akeyi ak bèl souri. Tout timoun ap di « Bon bagay »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè nou gen anpati pou moun, nou dwe poze kèk bon aksyon anvè l, lè nou konprann li ap pase yon moman difisil. Lè konsa nou montre l, li ka konte sou nou, sa ede l pran konsyans move konpòtman li yo epi metrize tèt li pi byen. Lè li twouve l nan sityasyon ki sanble ak sa li t ap viv la, l ap kontwole tèt li pi byen.</i>	Pataj : P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou anpati. Sa vle di montre nou gen kapasite pou yon nou mete n nan plas lòt moun. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « sa bon toutbon »! Madan Jowèl pèdi mari li, chak jou l ap kriye. Timoun nan 6è ane yo fè yon bèl tablo yon moun k ap souri kòm kado. Tout timoun ap di « sa bon toutbon »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, anpati ban nou kreyativite pou nou ede yon lòt moun jere oswa soti nan yon moman difisil. Sa mete plis amoni nan mitan nou lè gen anpati youn pou lòt. Anpati dwe manifeste atravè yon ak jantiyès pou li ka gen valè pou moun k ap resevwa li a.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo patje sou sa yo sonje anpati ye.
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele Jozèf di . Chak fwa nou tande se Jozèf ki di fè yon bagay, n ap fè sa nou tande a. Men depi se pa Jozèf ki di l, yon elèv fè sa l tande a, li pèdi epi l ap vin fè yo wè l. Egzanp: Jozèf di touche pye. Tout moun ap touche pye yo. Jozèf di touche kou. Tout moun ap manyen kou yo. Jozyas di touche zòrèy. Pyès moun pa dwe manyen zòrèy yo, paske se pa Jozèf ki di sa, se Jozyas ki di l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele youn chèche lòt nou abitye fè li deja .M ap bezwen 2 elèv volontè pou vin nan mitan sèk la. M ap bande je 2 elèv yo epi mete yo chak yon bò nan sèk la. M ap deziye elèv 1 kòm elèv ki pral chèche lòt la epi elèv 2 kòm elèv ki p ap kite yo kenbe l la. Lè m di kòmanse, elèv k ap chèche lòt la (elèv 1) ap deplase ak men l ouvè pou l ap chèche lòt elèv la (elèv 2). Elèv 2 li menm, ap deplase pou l pa kite yo kenbe l. Tout lòt elèv yo pral chante frèt frèt frèt lè elèv k ap chèche a lwen lòt la epi cho cho cho lè l prèske touche l. Si elèv 1 an rive touche elèv 2 a li genyen. Tout moun ap bat bravo pou li. Si apre yon minit li pa rive touche lòt la, n ap eseye ak 2 lòt elèv. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele bèt ki viv nan dlo oswa sou tè a. M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di non yon bèt ki viv nan dlo, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di non yon bèt ki viv sou tè a, tout moun ap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa konnen ki kote bèt la viv, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele sa ki fè nou kontan ak sa ki fè nou fache . Sonje yon menm bagay ka gen moun li fè kontan epi li fè yon lòt moun fache. Lè m di yon bagay tout moun li fè kontan yo ap pase adwat mwen sa li fè fache ap pase agoch mwen. Lè 2 liy yo fin fòme kèk nan nou ap di poukisa bagay sa a ka fè yo fache oswa kontan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Eslogan :An n kiltive anpati !				

MWA 5, SEMÈN 2				
Tèm semen nan : Wòl jantiyès nan anpati		Objektif : Nan fen semèn, elèv la ap kapab pratike jantiyès yonn anvè lòt		
Vokabilè: Jantiyès: Se yon trè pèsonalite moun genyen ki karakterize pa fason li montre byenveyans li ak atansyon li bay moun ki nan bezwen.		Materyèl : boul lapawòl, tèks sou anpati, balon Liv: Pweezi sou anpati(tradiksyon)		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Leson revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou wòl jantiyès nan anpati. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon maten an pandan n ap danse . Tout timoun ap deplase pandan y ap fè yon ti danse pou y al salye kèk kamarad yo. Lè m di bal la kòmanse tout moun ap deplase pou al salye kèk kamarad. Lè m di bal la fini tout moun ap retounen nan sèk la. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon papiyon .Kèk elèv ap mete de men yo sou hanch yo epi y ap bouje yo tankou zèl papiyon. Lè m di oye, oye tout moun ap deplase ak jès papiyon pou al salye kèk kamarad. Lè m di yès, yès, tout moun ap retounen nan sèk la.. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon akolad . Tout timoun ap deplase pou al salye kèk kamarad. N ap gade youn lòt nan je, souri ak li epi bay li yon akolad (di bonjou, kijan w ye ? Mwen kontan wè w maten an). P: Lè m di wipipip, n ap kòmanse epi lè m di weeee n ap retounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak non koulè nou renmen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon koulè li renmenn. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non koulè a. P : Bonjou, mwen renmen koulè mov. Tout elèv yo ap reponn bonjou mov. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou wòl jantiyès genyen nan anpati pou aksyon nou ka fè moun ki ap benefisye li a byen. Sa vle di nou bezwen respektè diyite moun nan fason n ap rann li yon sèvis oswa ba li yon lòt fòm èd. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «bon bagay»!Pòl pa p viv ak paran li yo, lè m ap ofri li manje mwen kite li sèvi tèt li anvan. Tout timoun ap di bon bagay! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, genyen fason pou bay oswa ofri sèvis nou. si li pa byen fèt nou ka blese lòt moun olye nou soulaje l. Respekte diyite moun nan apwoch nou yo se pi gwo kado nou ka ofri yo.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou wòl jantiyès nan anpati. Lè nou manifeste anpati ak jantiyès, lòt moun gen doub satisfaksyon. Yon kote li benefisye yon bagay yon lòt kote li santi gen moun ki renmen l, konprann li ak apresye l. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Ala bèl bagay » !Lè papa Ana te mouri Matin al fè devwa yo ak li chak jou jiskaske li ka tounen lekòl. Tout timoun ap di ala bèl bagay! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè n ap manifeste anpati pou yon lòt moun, nou pa dwe fè li santi se yon favè n ap fè l. men pito nou fè li santi se yon jès ki pa reflechi ki soti nan kè nou.Pa gen pi bon fason nou ka montre sa apa jantiyès.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou wòl jantyès genyen nan anpati. Lè nou manifeste anpati ak jantiyès pou yon lòt moun nou menm tou nou bene fisye yon bagay. Nou ka santi nou byen nan po nou. Kèk fwa aksyon sa a konn tounen vin jwenn nou sou fòm gratitid. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Se sa li ye tonton » !Pòl te desine yon bèl ti flè pou mwen apre mwen te montre l kijan pou li poze yon adisyon san pèsòn pa t okouran. Tout timoun ap di se sa li ye tonton ! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè anpati makònen ak jantiyès tout moun jwenn byennèt pa yo nan aksyon ki poze a. Kidonk lè anpati fèt ak jantiyès, tout moun soti gayan. Moun ki poze aksyon jwenn gratitid epi moun ki resevwa santi li apresye.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou wòl jantiyès genyen nan manifestasyon anpati. Sitiyasyon ki touche nou yo souvan konn rann nou konprann moun pi byen ak aji ak yo ak respè. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Eya papa » ! Patrik konn al ede timoun piti yo ouvè bwat yo nan rekreyasyon. Tout timoun ap di eya papa! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, genyen fason pou bay oswa ofri sèvis nou. si li pa byen fèt nou ka blese lòt moun olye nou soulaje l. Respekte diyite moun nan apwoch nou yo se pi gwo kado nou te ofri yo.</i>	Pataj: P : Maten an timoun nou pral pataje sou diferan fason nou sonje nou ka demontre anpati.
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele nan lanmè sou latè . M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di nan lanmè, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di sou latè, tout moun ap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P: timoun , nan aktivite gwoup maten an, mwen pral di yon seri fraz. Si nou panse se yon aksyon k ap pèmèt yo trete yon moun byen n ap di <i>wi sa bon</i> . Si nou panse se yon aksyon ki montre yo pa trete yon moun byen n ap di <i>non sa pa bon</i> . P : Lè w ap bay yon moun ki nan bezwen bagay fòk tout antouraj li konnen sa. (<i>non sa pa bon</i>) P : Mwen toujou ede timoun ki andikape lè li gen difikilte pou li fè yon bagay. (<i>wi sa bonn</i>) P: Mwen toujou fawouche moun fou nan lari. (<i>non sa pa bon</i>) P: Mwen pwopoze èd mwen ak yon bèl souri. (<i>wi sa bon</i>) P: Mwen toujou montre gratitid ak moun ki byen aji avèm m nan move moman (<i>wi sa bon</i>) <i>N.B : si w jwenn repons kontrè, sa vle di bon ak move konpòt man poko fin byen chita lakay elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Pase balon . Nou pral fè 2 ekip, chak ekip ap gen menm kantite jwè epi yo chak ap kanpe an liy. Youn ap sou bò goch mwen, lòt la ap sou bò dwat mwen. Nou pral pase balon an men nan men sou bò goch nou nèt epi pou l tounen sou bò dwat nou. Chak gwoup ap chofe ekip li. Balon ki tounen anvan an nan men premye moun ki nan liy lan se ekip li a ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral chante ti chan sa a ansanm pandan n ap danse: Mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki ken be mwen anpil. Kenbe mwen anpil (2 fwa) Mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki ken be mwen anpil. Kenbe mwen anpil, fò m retire l. <i>Kontinye chante a pandan w ap ajoute lòt pati nan kò a epi chante l pi vit tanzantan.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Eslogan : M ap pratike jantiyès nan tout aksyon m yo !				

MWA 5, SEMÈN 3				
Tèm semèn nan : Wòl kowoperasyon nan anpati		Objektif : Nan fen semèn, elèv la ap rive dekouvri kijan li kapap kowopere epi kolabore nan aktivite nan salklas la, nan lekòl la ak nan fanmi li.		
Vokabilè: Kowoperasyon: Se yon konpòtman ki fè moun travay ansanm pandan yap devlope bonjan relasyon ak echanj san konfwontasyon ni konpetisyon. Kolaborasyon: Se lè plizyè moun mete men ansanm pou reyalize yon aktivite komen		Materyèl : boul lapawòl, tèks sou anpati		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Leson revizyon
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou enpòtans kowoperasyon ak kolaborasyon nan anpati. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon an pandan n ap avanse al jwenn ak youn nan kamarad nou yo pou nou ba li yon bèl souri pandan n ap gade l nan je. Mande kòman sa te ye pandan 2 jou nou pa t wè yo. P : Bonjou Kawòl kòman wikenn nan te pase pou ou. Lè bat men m yon fwa nap kòmanse salitasyon an, lè bat men 2 fwa, n ap tounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak bagay nou jwenn nan lanati (tè, wòch, lanmè, rivyè, pyebwa, mòn, elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bagay nan lanati. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non sa kamarad yo te site a. P : Bonjou, mwen konnen wòch. Tout elèv yo ap reponn bonjou wòch. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak non legim nou konnen yo . Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon legim yo renmen. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi site non legim sa a. P : Bonjou tout timoun ! Mwen renmen leti! Tout timoun ap reponn : Bonjou leti! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak jou yo nan semèn nan . Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon jou nan semèn. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi site non jou sa a. P : Bonjou tout timoun ! Mwen se jedi ! Tout timoun ap reponn : Bonjou jedi ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P: Timoun, maten an nou pral pataje sou enpòtans kolaborasyon nan anpati. Pou ak anpati a kenbe sans li, li enpòtans pou w ede moun k ap benefisye li a konprann se kolabore ou vle kolabore ak li. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap fè yon «ti danse»! Lidya te malad nan men chak fwa pou l reyalize yon bagay ki difisil mwen fè yon jwèt ak li pou ede l. Tout timoun ap fè yon ti danse! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, montre anpati pa toujou vle di se ou menm ki pou fè yon bagay pou yon moun oubyen nan plas li. Li fè plis sans lè w manifeste aksyon anpati a atravè kowoperasyon lè sa a moun nan ap santi li valorize.</i>	Pataj: P: Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou enpòtans kowoperasyon nan anpati. Pèmèr moun nan patisipe nan yon aksyon ap ede li ogmante estim li gen pou pwòp tèt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap fè yon «ti danse»! Lè nou te bewzen achte yon lòt chèz woulant pou gadyen lekòl la nou te fè maraton, menm li menm te patisite. Tout timoun ap di « wipipip » ! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè nou entegre yon moun nan yon ak anpati n ap poze anvwè li, nou pèmèt li santi l pi byen nan kò l oswa nan lespri l. li jwenn egzanp pou li ka soti tèt li poukont li nan yon sityasyon ki ka sanble ak sa li t ap viv la.</i>	Pataj: P: Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou enpòtans kolaborasyon nan anpati. Pa bliye nou te di anpati pèmèt ou mete w nan plas yon lòt, sa fè plis sans lè w ap kolabore ak li pandan w ap poze aksyon an. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « wololoy » ! Chak fwa Marina vle ede Joslen ki andikape li mete yon jwèt sou pye pou l ka fè pifò nan sa Joslen te dwe fè a. Tout timoun ap di wololoy ! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, kolaborasyon pèmèt anpati rive pi byen sou moun ki benefye li a. Lè sa a li pa sibi li tankou yon ak konpasyon. Li enpòtan pou montre lòt moun nan se pa paske li fè pitye ki fè w ap pote èd ou ba li.</i>	Pataj: P: Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou enpòtans kolaborasyon nan anpati. Sa vle di kolabore ak lòt moun ede nan jwenn solisyon pou yo soti nan moman difisil y ap travèse. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « sa bon toutbon » ! Jan te anvi pantire kay la pou fèt manman l men li twò piti, tout frè ak sè li te ede l. Tout timoun ap di : sa a bon toutbon! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun kolaborasyon se youn nan mwayen ki pèmèt nou demontre anpati.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele miwa. Nou pral mete 2 elèv fas a fas. Youn ap kòmanse obsève moun ki devan li. Après lòt la ap vire fas li pou moun li t ap obsève a kache yon bagay sou li pou wè kisa ki manke sou li. - Pwofesè a ap bay yon egzanp. P: Kounye a m ap bezwen 2 volontè pou kòmanse. - Gide volontè yo nan demach yo. P : Byen, kounye a ou pral jwenn yon patnè pou fè suiv demach nou te wè nan egzanp lan. - Kounye a yo ka mete yo ak yon patnè pou fè aktivite a. P: Byen klas, nou wè enpòtans obsève youn lòt genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P: Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Kous cheni . Mwen pral fè de tras epi m ap fè de ekip. Ap gen yon pwen pou kòmanse epi yon pwen pou rive. Chak ekip yo ap gen menm kantite moun. Chak elèv ap mete men l sou do elèv ki devan l lan. Yo dwe mache youn kole ak lòt pandan y ap respekte tras la. Ekip ki respekte tras la epi ki rive anvan an se li ki genyen. N.B: ekip ki pèdi a ap aplodi sa ki genyen an. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele sèvyab ak malonèt . Lè m di yon fraz ki montre yon aksyon sèvyab n ap sote devan, lè m di yon fraz ki montre yon aksyon malonèt, n ap sote dèyè. P : An n fè yon modèl. - Pola renmen ede zanmi l yo (timoun yo ap sote devan). - Jozye renmen bay kamarad li yo kou (timoun yo ap sote dèyè). N.B: Lè yon moun pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou li fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele tire pwovèb . N ap fè de ekip. Chak ekip ap gen menm kantite moun,. Chak moun ap di yon pwovèb. M ap bay siyal pou kòmanse. Ekip ki rive bay plis pwovèb pandan 2 minit lòt la se li ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Eslogan : An n kolabore !				

MWA 5, SEMÈN 4				
Tèm semen nan : Anpati Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap rive idantifye plizyè fason li ka egzèsè anpati ak elèv nan klas la e ak moun ki nan anviwònman li.		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap rive idantifye plizyè fason li ka egzèsè anpati ak elèv nan klas la e ak moun ki nan anviwònman li.		
Vokabilè: Andikape: moun ki pa gen kapasite pou li egzèsè tout mouvman li kòmсадwa; li ka nan nivo sans li yo, fizik oswa mantal.		Materyèl : boul lapawòl, balon		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Leson revizyon
Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou retounen pale sou anpati pandan nou pral mete askan sou kèk kategori moun nou pa dwe neglije (andikape, granmoun, timoun ki pi piti pase nou, moun ki diferan de nou: albinos, elt..) manifeste anpati anvè yo. P: Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak kri kèk ensèk ki konn chante oswa boudone nou konnen yo (lasigal, krikèt, zandolit, mouch, elt). Senk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon ensèk ki chante oswa boudone. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non ensèk sa a. P : Bonjour, mwen se lasigal. Tout elèv yo ap reponn bonjou lasigal. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak non fwi nou renmen oswa konnen . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon fwi li renmen oswa konnen an. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non fwi sa a. P : Bonjour, mw konnen kiwi. Tout elèv yo ap reponn bonjou kiwi. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak tout bèt ki konn sote (krapo, lapen, kangourou, cheval...) nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bèt ki ka sote li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjour, mwen konnen lapen. Tout elèv yo ap reponn bonjou lapen. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak flè nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon flè li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non flè sa a. P : Bonjour, mwen konnen flè dizè. Tout elèv yo ap reponn bonjou flè dizè. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral kontinye pataje sou plas anpati dwe genyen nan lavi nou. Li enpòtan pou pran konsyans de kèk kategori moun nou dwe toujou manifeste anpati anvè yo (andikape, granmoun, timoun ki pi piti pase nou nou, moun ki diferan de nou : albinos, elt.) P : maten an nou pral pataje sou kèk aksyon nou ka poze pou montre anpati pou granmoun yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «respè pou yo»! Pa t gen plas nan kamyonèt la, papa m te leve bay yon granmoun plas li a. Tout timoun ap di respè pou yo! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nou pa bezwen fè gwo bagay pou montre anpati anvè yon lòt moun. Tout ti jès konpreyansyon yo konte lè nou fè yon moun santi li pi byen.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou anpati ki mande pou nou mete nou nan plas yon lòt moun pou ka konprann li. P : Maten an nou pral pataje sou kèk aksyon nou ka poze pou montre anpati pou timoun ki pi piti pase nou yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Oye, oye » ! Mwen toujou konsole ti sè mwen lè manman nou pa la. Tout timoun ap di oye, oye! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nou ka montre anpati pou sa ki pi piti pase nou chak fwa nou pwoteje yo kont yon lòt k ap fè yo mechanste, ede yo nan bagay yo poko ka fè pou kont yo oswa konsole yo lè yo tris.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an n ap kontinye pataje sou kòman nou ka gen anpati anvè lòt moun ki gen difikilte pou deplase poukont yo, oswa ki avèg, soud elt. Yo rele moun sa a yo andikape P : Maten an nou pral pataje sou fason nou ka montre anpati pou moun ki andikape yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Se sa li dwe ye » !Chak maten Mak ede granpa li ki avèg travèse lari a anvan li vini lekòl. Tout moun ap di « Se sa li dwe ye » ! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè nou gen anpati pou yon moun nou ofri li èd nou nan tout sa nou konnen li pa ka fè poukont li. Nou toujou mete nou a dispozisyon li pou nou rann lavi li pi fasil.</i>	Pataj: P : Timoun, n ap fè pataj maten sou kòman nou dwe montre anpati anvè moun nou wè ki diferan de nou yo : albinos, moun tèt pa dwat elt. Souvan yo nan gwo soufrans, yo bezwen santi yo pa poukont yo nan endiferans lòt moun montre yo. P : Maten an nou pral pataje sou aksyon nou ka poze pou montre anpati pou moun ki diferan de nou yo. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « sa bon toutbon » ! Korin se yon albinos pèsòn pa janm vle chita bò kote l. Mwen konprann sa fè l tris, m mande pwofesè a pèmisyon pou al jwenn li. Tout timoun di sa bon toutbon! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, souvan moun sa yo nan gwo soufrans, yo bezwen santi yo pa poukont nan mitan tout endiferans sa yo lòt moun montre yo. Aji yon fason ki diferan ak yo pote lajwa nan kè yo epi fè yo asepte kondisyon yo pi byen.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt imitasyon . Nou pral kanpe youn dèyè lòt nan yon demi sèk. Elèv ki devan nèt la ap fè yon seri jès, tout lòt yo ap imite l. (<i>Bat men, danse, sote, mache, bese, elt.</i>) <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kous krapo . M ap fòme 2 ekip. Chak ekip ap chwazi yon elèv ki pou reprezante l. M ap trase yon liy kote pou nou kòmanse kous la ak yon liy kote kous la ap fini. De elèv yo ap gen yon balon ki fèmen anndan janm yo, de bra yo ap ekate pou ka jwenn ekilib epi y ap sote kon krapo pou yo rive sou liy arive a. Lè m konte rive sou 4, de elèv yo ap deplase pi vit posib pandan chak ekip ap chofe jwè pa yo. Elèv ki rive anvan se ekip li a ki genyen. <i>Si pa gen balon, itilize boul papye oubyen nenpòt materyèl ki apwopriye.Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pase kouran . M ap peze men moun ki sou bò dwat mwen an epi l ap fè jès tankou l te pran nan kouran. Apre l fin fè jès tankou l te pran nan kouran an l ap peze men kamarad ki sou bò dwat li a pou l ka pase l kouran an tou. Kamarad li a ap fè menm jès la. Kouran an ap kontinye pase jwenn chak elèv jiskaskes li rive sou mwen ankò. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo. Apre w fin pase kouran agoch ou ka pase agoch tou.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ak non bèt ki konn ranpe ak sa ki pa konn mache. Lè m site non bèt ki konn ranpe tout elèv ap deplase. Lè m site non bèt ki pa konn ranpe nou pa dwe fè okenn mouvman. Si yon timoun deplase pandan l pa t dwe fè mouvman oubyen l pa fè mouvman pandan l te dwe rete kanpe, l ap vin fè yo wè l. <i>(Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon).</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou ti moun yo chwazi).
Eslogan : An n kiltive anpati				

MWA 6, SEMÈN 3				
Tèm semèn nan : Wòl rezilyans nan konnen tèt		Objektif : Nan fen semèn nan, eleve la ap rive devlope rezilyans li.		
Vokabilè: Rezilyans se kapasite moun genyen pou li leve kanpe apre li fin viv yon gwo eprèv ki te bay anpil estrès.		Materyèl : boul lapawòl		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Leson revizyon
Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a n ap kontinye pale sou konnen tèt, men fwa sa a, n ap mete fokis sou rezilyans. Timoun rezilyans se kapasite yon moun genyen pou li sipòte pwoblèm li rankontre. (Pran imaj ti pye bwa ki rele wozo a) Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon an pandan n ap avanse al jwenn ak youn nan kamarad nou yo pou nou ba li yon gwo lamen pandan n ap gade l nan je epi n ap di: Mwen santi m djanm maten an e ou menm? Lòt elèv la ap reponn djanm djanm. P: Bonjou Edlin, Mwen santi m djanm maten an, e ou menm? Lè m bat men m yon fwa nap kòmanse salitasyon an, lè bat men 2 fwa, n ap tounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak bagay nou jwenn nan salklas la (ban, chèz, tablo, liv, kreyon, elt...) kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bagay nan salklas la. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non sa kamarad yo te site a. P : Bonjou mwen konnen tablo. Tout moun ap di : bonjou tablo <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak non manje nou renmen . Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon manje yo renmen. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi site non manje sa a. P : Bonjou tout timoun ! Mwen renmen mayi moulen! Tout timoun ap reponn : Bonjou mayi moulen! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak jou yo nan semèn nan . Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon jou nan semèn. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi site non jou sa a. P : Bonjou tout timoun ! Mwen se lendi ! Tout timoun ap reponn : Bonjou lendi ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P: Timoun, talè a mwen te eksplike nou kisa rezilyans ye? Kounye a, nou pral pataje sou kèk fason nou ka montre nou rezilyan. Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè m fin pataje tout moun ap di : « yès, yès » ! Grann mwen sispann kriye pou tonton l lan ki te mouri a. Tout timoun ap di « yes, yes » ! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nan lavi, tout moun ka viv yon moman ki difisil ki pote anpil chanjman. Pafwa, chanjman yo sa yo konn vini ak anpil tristès, lapèrèz ak dekourajman. Gen moun ki pran yon ti tan tou kout pou yo geri. Men gen lòt moun ki souffri anpil. Lè yon moun konnen fòs li, li pi fasil pou li geri epi pou li remonte apre yon sitiyasyon difisil.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou fòs nou genyen. Sa vle di, nou bezwen byen konnen tèt nou pou nou ka idan tifye fòs nou. Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè m fin pataje, tout moun ap di : « oooooooo, sa a pa bon » ! Lè Marina tris, li fèmen kò l nan chanm li pou li pa pale ak moun. Tout timoun ap di : « oooo sa a pa bon ». Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo. <i>Sonje timoun : Lè yon moun konnen tèt li, li jwenn plis resous anndan l pou l ka fè fas ak yon sitiyasyon difisil li rankontre epi l ap rive jwenn fòs pou l reziste epi pou li remonte pi fasil.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral kontinye pataje sou rezilyans. Sa vle di, kapasite yon moun genyen pou li adapte li ak yon nouvo sitiyasyon. Raple elèv yo prensip pataj la. P. Lè m fin pataje, tout timoun ap di : « sa a tris» ! Elena ap kriye paske manman l ale Okap kite li. Timoun yo reponn : sa a tris. Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, chak fwa gen yon evènman nouvo nan lavi yon moun, sa ka yon defi pou li. Lè li reyisi jwenn yon fason pou l jere sitiyasyon difisil la, sa ede l devlope rezilyans li.</i>	Pataj: P : Timoun, nan pataj maten an chak moun pral di yon bagay li fè pou devlope rezilyans li . Raple elèv yo prensip pataj la. P. Lè m fin pataje, tout timoun ap leve pous li anlè y ap di : « bon bagay » ! Mwen pa janm ka travèse lari pou kont mwen, paske mwen pè. Mwen leve defi sa a jodi a. Tout timoun ap leve pous yo anlè y ap di : « bon bagay »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, rezilyans se pa yon bagay yon moun ka genyen oswa pa genyen. Chak difikilte, yon moun viv, li aprann yon leson ki rann li vi n pi fò</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Aktivite gwoup: P : : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele miwa. Nou pral mete 2 elèv fas a fas. Youn ap kòmanse obsève moun ki devan li. Aprèsà lòt la ap vire fas li pou moun li t ap obsève a kache yon bagay sou li pou wè kisa ki manke sou li. - Pwofesè a ap bay yon egzanp. P: Kounye a m ap bezwen 2 volontè pou kòmanse. - Gide volontè yo nan demach yo. P : Byen, kounye a ou pral jwenn yon patnè pou fè suiv demach nou te wè nan egzanp lan. - Kounye a yo ka mete yo ak yon patnè pou fè aktivite a. P: Byen klas, nou wè enpòtans obsève youn lòt genyen.	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Kous cheni . Mwen pral fè de tras epi m ap fè de ekip. Ap gen yon pwen pou kòmanse epi yon pwen pou rive. Chak ekip yo ap gen menm kantite moun. Chak elèv ap mete men l sou do elèv ki devan l lan. Yo dwe mache youn kole ak lòt pandan y ap respekte tras la. Ekip ki respekte tras la epi ki rive anvan an se li ki genyen. N.B: ekip ki pèdi a ap aplodi sa ki genyen an. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele sèvyab ak malonèt . Lè m di yon fraz ki montre kalifye yon aksyon sèvyab n ap sote devan, lè m di yon fraz ki montre yon aksyon malonèt, n ap sote dèyè. P : An n fè yon modèl. - Pola renmen ede zanmi l yo (timoun yo ap sote devan). - Josye renmen bay kamarad li yo kou (timoun yo ap sote dèyè). N.B: Lè yon moun pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou li fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kama rad li yo ap chante. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele tire pwovèb . N ap fè de ekip. Chak ekip ap gen menm kantite moun. M ap bay siyal pou kòmanse. Ekip ki rive di plis pwovèb pandan 2 minit lan se li ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pan dan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Eslogan : Mwen se wozo, mwen pliye men mwen pap kase.				

MWA 6, SEMÈN 4				
Tèm semèn nan : Wòl byenveyans nan konnen tèt		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap rive aplike byenveyans anvè lòt kamarad li ak moun nan kominote li.		
Vokabilè: Byenveyans: se kapasite yon moun genyen pou li wè byen lòt moun ki bò kote li san li pap tann okenn rekonpans nan men moun sa a.		Materyèl : boul lapawòl, balon		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Leson revizyon
Salitasyon : P : Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral wè ansanm wòl byenveyans nan konnen tèt. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak kri kèk ensèk ki konn chante oswa boudone nou konnen yo (lasigal, krikèt, zandolit, mouch, elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon ensèk ki chante oswa boudone. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non ensèk sa a. P : Bonjou, mwen se lasigal. Tout elèv yo ap reponn bonjou lasigal. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Jodi a, n ap kontinye pale sou byenveyans. Men anvan, nou pral fè salitasyon ak non fwi nou renmen oswa konnen . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon fwi li renmen oswa konnen an. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non fwi sa a. P : Bonjou, mwen konnen kiwi. Tout elèv yo ap reponn bonjou kiwi. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak tout bèt ki konn sote (krapo, lapen, kangourou, cheval...) nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bèt ki ka sote li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen konnen lapen. Tout elèv yo ap reponn bonjou lapen. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon ak pyebwa nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon pye bwa li konnen. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non pyebwa sa a. P : Bonjou, mwen konnen pye palmis. Tout elèv yo ap reponn bonjou pye palmis. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P : Timoun, nan pataj maten an, mwen pral bay yon ti eksplikasyon tou kout sou kisa byenveyans ye epi ki plas li genyen nan « konnen tèt ». N ap fè referans a nèg save ki te di : « konnen tèt ou ou menm ». Apresa, nou pral brase lide pou nou sonje youn nan eksplikasyon mwen te bay yo. Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè m fin pataje tout moun ap di : « wi se vre »! Lè yon moun byenveyan, li pa maltrete lòt moun. Timoun yo reponn : « wi se vre »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, byenveyans se kapasite yon moun genyen pou li wè byen lòt moun ki bò kote li san li pap tann okenn rekonpans nan men moun sa a. Moun ki byenveyan gen konpasyon pou lòt moun, li pa fè moun abi epi li pa p tann pou yo remèt li yon byen li fè.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou byenveyans nan nan mitan kamarad lekòl nou. Sa vle di sa nou bezwen fè tout sa nou kapab pou sipòte ti kamarad nou, nan nivo nou kapab lè yo bezwen sipò nou. Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « tchèk tchèk »! Janèt pa vin lekòl maten an paske li blese nan pye. Apre klas la, ti zanmi l yo al wè li epi yo fè devwa yo ak li.Tout timoun ap di tchèk tchèk! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo Sonje timoun, lè yon moun konnen tèt li, li montre byenveyans anvè tèt li ak anvè lòt moun tou. Lè ou fè yon moun kontan, ou jwenn byennèt ou nan bon aksyon ou poze a.	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou byenveyans nan kominote w. Sa vle di nou bezwen pratike konpasyon ak kè sansib nan nivo nou kapab pou tout moun menmsi li pa zanmi nou. Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « sa a bon nèt » Pitit vwazin nan te malad yèswa. Mwen leve nan nuit lan mwen mennen l lopital. Tout timoun ap di sa a bon nèt! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè nou youn pratike byenveyans anvè lòt, sa ap pèmèt nou viv an amoni ak moun nan kominote kote n ap viv. Moun ki gen konpasyon pou lòt, li pa ka rete gade l k ap souffri san li pafè anyen.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral kontinye pataje sou kèk aksyon byenveyan nou konn wè paran nou fè. . Raple elèv yo prensip pataj la. P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « wipipip weee »! Pou nwèl ane sa a, papa m te bay timoun nan katye a jwèt. Tout timoun ap di wipipip.weee! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo Sonje timoun, lè yon moun montre byenveyans anvè lòt moun, li jwenn byennèt pa li nan aksyon li poze a.	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo pataje sou kisa yo sonje byenveyans ye.
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt imitasyon . Nou pral kanpe youn deyè lòt nan yon demi sèk. Elèv ki devan nèt la ap fè yon seri jès, tout lòt yo ap imite l. (<i>Bat men, danse, sote, mache, bese, elt.</i>) <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kous krapo . M ap fòme 2 ekip. Chak ekip ap chwazi yon elèv ki pou reprezante l. M ap trase yon liy kote pou nou kòmanse kous la ak yon liy kote kous la ap fini. De elèv yo ap gen yon balon ki fèmèn anndan janm yo, de bra yo ap ekate pou ka jwenn ekilib epi y ap sote kon krapo pou yo rive sou liy arive a. Lè m konte rive sou 4, de elèv yo ap deplase pi vit posib pandan chak ekip ap chofe jwè pa yo. Elèv ki rive anvan se ekip li a ki genyen. <i>Si pa gen balon, itilize boul papye oubyen nenpòt materyèl ki apwopriye.</i> <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pase kouran . M ap peze men moun ki sou bò dwat mwen an epi l ap fè jès tankou l te pran nan kouran. Apre l fin fè jès tankou l te pran nan kouran an l ap peze men kamarad ki sou bò dwat li a pou l ka pase l kouran an tou. Kamarad li a ap fè menm jès la. Kouran an ap kontinye pase jwenn chak elèv jiskaske li rive sou mwen ankò. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i> <i>Apre w fin pase kouran agoch ou ka pase agoch tou.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ak non fèy ki bon pou kèk maladi. Chak moun ap site non yon fèy epi di pou ki maladi li bon . Si yon timoun repete sa yon lòt déjà di, l ap vin fè yo wè l. (<i>Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon</i>).	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Eslogan : An nou youn voye je sou lòt !				

MWA 7 SEMÈN 3				
Tèm semèn nan: Pwoteksyon anviwònman		Objektif : Nan fen semèn nan elèv la ap kapab idantifye fason li kapab pwoteje anviwònman an.		
Vokabilè: Anviwònman : tout bagay natirèl ak atifisyèl ki antoure nou		Materyèl : boul lapawòl , Balon		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou anviwònman an ki se tout bagay natirèl ak atifisyèl ki antoure nou tankou: bèt yo, plant yo ak tout lòt bagay nou sèvi pou n viv. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak non tout bèt non konnen ki manje zèb nou konnen yo (mouton, chaval, kabrit, elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non yon bèt la. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen se bourik. Tout elèv yo ap reponn bonjou bourik. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non zwazo. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non yon zwazo. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non zwazo a tou. P : Bonjou mwen se gagra. Tout elèv ap reponn bonjou gagra. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non pyebwa ki bay fwi yo (mango, zaboka, papay elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou pandan l ap di non pyebwa a epi tout lòt elèv yo ap reponn bonjou ak menm non pyebwa sa a. P : Bonjou mwen se pye abriko. Tout elèv ap reponn. Bonjou pye abriko. Lè mwen mete pous dwat mwen anlè n ap kòmanse epi lè mwen di chikita n ap tounen nan wonn nan. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non flè nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou pandan l ap di non flè a epi tout lòt elèv yo ap reponn bonjou ak menm non sa. P : Bonjou mwen konnen flè dizè. Tout timoun ap reponn, bonjou flè dizè <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou sa anviwònman an reprezante pou lavi moun ak tout sa k ap viv sou tè a, pyebwa, sous dlo, zwazo, zannimo, ensèk yo. Yo chak jwe yon wòl nan kenbe lavi sou tè a. Sa mennen nou panse jan yo endispansab epi fè nou pran konsyans pou konsidere yo chak jou pi plis. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «yès, sa bon vre»! P : Mwen toujou bay ti zwazo k ap poze sou glasi lakay mwen manje. Tout timoun ap di « yès sa bon vre»! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè nou ap viv nan yon anviwònman ki sen sa rann nou viv an sante. Chak eleman lanati ki fòme anviwònman nou se yon trezò, aprann apresye yo pou nou ka viv pi byen.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou wòl anviwònman jwe nan lavi moun k ap viv sou tè a. Chak sa nou wè ki antoure nou yo jwe yon wòl nan kenbe lavi sou tè a (pyebwa yo bay osijèn, san li nou tout t ap gentan mouri moun tankou bèt epi se yo ki pèmèt lapli tonbe pou plant yo ka pouse). Plant yo se sous ki ba nou manje pou nou site sa yo sèlman. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «Apa se te vre»! P : Ane pase lapli a te tonbe nan bon sezon, peyizan yo te fè bèl rekòt. Tout timoun ap di « apa se te vre»! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, anviwònman se baz lavi, chak sa nou wè ki antoure nou jwe yon gwo wòl menm sa ki nan je nou parèt nuisib tankou ensèk yo (foumi yo fè tè a fètil pou rekòt).</i> Ann sispann ajì mal avèk sa ki antoure nou yo. Lè nou detwi yo se pwòp egzistans nou nou mete an danje.	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou devwa nou genyen pou pwoteje anviwònman nou. Jan nou di sa depi semèn nan kòmanse a pa gen lavi san yon bon anviwònman. Chak jou lèzòm pran plezi nan detwi sa yo leve jwenn. Nou timoun k ap vini yo fòk nou kòmanse konprann li enpòtan pou nou jwe yon wòl nan pwoteje anviwònman nou pou pita nou pa viv nan yon dezè. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap : « lanati pa menm jan ankò » P : Lontan chak jou te konn gen anpil zwazo ki te vwayaje chak maten ak chak apremidi nan syèl la. Tout timoun ap di : «lanati pa menm jan ankò»! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, chak fwa yo koupe yon pyebwa pou fè planch oswa chabon san nou pa ranplase yo se detwi nou detwi anviwònman an. Chak fwa yo boule yon kawoutchou se sou sante n sa ap ajì, chak fwa n ap jete vye asyèt plastiik ak bagay nan tè a nou manke respè pou anviwònman an. Pa janm bliye tout sa nou fè ki mal ak anviwònman an se nou k ap peye sa.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou kèk aksyon nou ka poze pou pwoteje anviwònman nou. Chak timoun ki la ka vini yon ajan pwoteksyon volontè anviwònman nan katye yo. Nou ka fè granmoun yo pran konsyans sou ki kalite malè y ap fè pandye sou tèr yo lè y ap mal ajì anvè anviwònman (koupe pyebwa, boule matyè plastik, fè kay nan ravin, touye bèt (ensèk) san nesosite elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «M ap fè mesaj la pase»! P : M ap di manman m pa achte asyèt plastik pou li vann manje ankò. Tout timoun ap di « M ap fè mesaj la pase»! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, anpil ti jès ki senp ka pèmèt nou pote kontribisyon pa nou nan pwoteje anviwònman an tankou : pa jete fatra nan lari, ni nan ravin ak larivye, pa deplimen, rache oswa koupe ti pyebwa ki sou wout nou, pwoteje ti zwazo yo olye nou touye yo, montre granmoun ki danje ki genyen nan koupe pyebwa paske san yo p ap gen osijèn pou nou viv ni manje pou nou manje paske lapli pa p tonbe pou manje pouse elt.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo pataje sou kèk fason yo ka pwoteje anviwònman yo.
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Pase balon. Nou pral fè 2 ekip, chak ekip ap gen menm kantite jwè epi yo chak ap kanpe an liy. Youn ap sou bò goch mwen, lòt la ap sou bò dwat mwen. Nou pral pase balon an men nan men sou bò goch nou nèt epi pou l tounen sou bò dwat nou. Chak gwoup ap chofe ekip li. Balon ki tounen anvan an nan men premye moun ki nan liy lan se ekip li a ki genyen. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele bèt ki ranpe ak bèt ki vole. M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe deyè wonn nan. Lè m di non yon bèt ki vole, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di non yon bèt ki ranpe, tout moun ap sote deyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa konnen si bèt la konn vole oswa ranpe, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele nan mache. Tout moun dwe koute avèk atansyon sa moun ki anvan an li a te achete. Egzanp, m ap di m al nan mache m achte yon poul, moun ki vin apre m nan ap di : m al nan mache m achte yon poul ak yon rejim bannann, lòt moun ki vin apre a ap di : m al nan mache m achte : yon poul, yon rejim bannann ak yon mamit diri. Donk, tout moun ap repete menm fraz sa a : <i>m al nan mache m achte</i> epi l ap ajoute sa li achte a sou sa moun ki vin anvan l yo te achte deja. Jwèt la ap kontinye jiskaskè tout moun nèt di sa yo te achte. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral chante ti chan sa a ansanm pandan n ap danse: Mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil. Kenbe mwen anpil (2 fwa) Mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil. Kenbe mwen anpil, fò m retire l. <i>Kontinye chante a pandan w ap ajoute lòt pati nan kò a epi chante l pi vit tanzantan.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan : Anviwònman an se yon trezò lanati, ann nou pwoteje l !				

MWA 7 SEMÈN 4				
Tèm semèn nan: estim pou lòt moun		Objektif : Nan fen semèn elèv ap kapab montre estim pou moun ki nan antouraj li.		
Vokabilè : kapasite ki pèmèt nou apresye oubyen gen yon bon opinyon sou lòt moun		Materyèl: boul lapawòl , chapo		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou nesosite pou nou montre lòt moun ki nan antouraj nou jan nou gen estim pou yo. Nou kapab montre yon lòt moun nou gen estim pou li lè nou : chèche konprann li, apresye sa li di di oswa fè, aprann li gen konfyans nan tèt li ak akonpanye l lè sa nesesè. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon an pandan n ap chwazi 2 oswa 3 nan kamarad nou yo pou nou ba yo yon bèl souri epi n ap di yo jan nou apresye yo . Lè mwen mete pous dwat mwen anlè n ap kòmanse epi lè mwen di chikita n ap tounen nan wonn nan. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjour klas, m espere nou pase yon bon nuit! Maten an nou pral fè salitasyon an pandan n ap avanse al jwenn ak youn nan kamarad nou yo pou nou ba li yon bèl souri pandan n ap gade l nan je epi mande l kòman li ye. P : Lè m bat men mwen 2 fwa n ap deplase epi lè mw di ole ole n ap refòmè sèk la. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon akolad . Tout timoun ap deplase pou al salye kèk kamarad. N ap gade youn lòt nan je, souri epi bay akolad (di bonjou, kijan w ye ? Mwen kontan wè w maten an). P: Lè m di wipipip, n ap kòmanse epi lè m di weeee n ap retounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun mwen yo; nou anfòm. Jodi a nou pral salye youn lòt ak non ti zanmi nou yo . Li pa bezwen nan klas la. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou pandan l ap di non zanmi li an epi tout lòt elèv yo ap reponn bonjou ak non zanmi li site a. Lè m bat men m de fwa, n ap tounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas estim pou lòt moun genyen nan relasyon moun ak moun. Lè ou genyen estim pou pwòp tèt ou sa fè ou genyen estim pou lòt yo paske ou konprann sa enpòtan pou lòt la menm jan li enpòtan pou ou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> <i>P : Lè mwen fini pataje tout moun ap fè yon « ti danse »</i> P : Madam nan toujou fè nou konpliman lè nou byen aji pou montre li gen estim pou nou. Tout timoun ap fè yon « ti danse »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nan mwa pase yo nou aprann kòman li enpòtan pou nou genyen estim pou pwòp tèt nou. Se menm jan an tou moun ki bò kote nou yo swete nou genyen estim pou yo. Nou dwe montre nou gen estim pou yo nan fason nou abòde yo ak apresye sa yo fè.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou enpòtans estim youn pou lòt genyen nan relasyon moun ak moun. Lè nan yon kominote moun yo genyen estim youn pou lòt sa pa kite plas pou konfli nan mitan yo paske yo kwè youn nan lòt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> <i>P : Lè mwen fini pataje tout moun ap « leve pous yo anlè »</i> P : Jan te fè kotizasyon nan klas la pou l te achte yon kado pou fèt Jowèl malgre li pa t zanmi l. Tout timoun ap « leve pous yo anlè »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, li enpòtan depi kounye a pou nou kiltive pratik genyen estim pou lòt moun. Se yon jès ki montre respè dakò pou ou menm ansuit pou lòt moun nan. Sa fè nou viv an amoni, se siy nou youn ka konte sou lòt san kè sote. Sonje sa tou, nou pa bezwen zanmi yon moun pou nou genyen estim pou li.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou enpòtans sa genyen lè nou manifeste estim pou yon lòt nan apresye sa li fè oswa di. Lè sa rive moun nan vin genyen plis konfyans nan tèt li pou l awfonte lavi. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> <i>P : Lè mwen fini pataje tout moun ap di « se pa jwèt »</i> P : Te genyen pwoblèm nan lekòl la Kawòl te bay yon konsèy, tout moun bat bravo pou li pou solisyon sa a. Tout timoun ap di « Se pa jwèt »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lè w apresye sa yon moun di oswa fè, ou montre li gen valè nan je ou. Konsa, ou ba li zèl pou li akonpli plis bagay pozitif pou tèt li ak pou lòt moun.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas estim pou lòt moun genyen nan relasyon moun ak moun. Lè ou genyen estim pou pwòp tèt ou sa fè ou gen estim pou lòt paske ou konprann sa enpòtan pou lòt la menm jan li enpòtan pou ou a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> <i>P : Lè mwen fini pataje tout moun ap fè yon « ti danse »</i> P : Madam nan toujou fè nou konpliman lè nou byen aji pou montre li gen estim pou nou. Tout timoun ap fè yon « ti danse »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nan mwa pase yo nou aprann kòman li enpòtan pou nou genyen estime pou pwòp tèt nou. Se men jan an tou moun ki bò kote swete nou genyen estime pou yo. Nou dwe montre nou gen estime pou nan fason nou abòde yo ak apresye sa yo fè.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : P: Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Kous cheni . Mwen pral fè de tras epi m ap fè de ekip. Ap gen yon pwen pou kòmanse epi yon pwen pou rive. Chak ekip yo ap gen menm kantite moun. Chak elèv ap mete men l sou do elèv ki devan l lan. Yo dwe mache youn kole ak lòt pandan y ap respekte tras la. Ekip ki respekte tras la epi ki rive anvan an se li ki genyen. N.B: ekip ki pèdi a ap aplodi sa ki genyen an. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral chante ti jwèt ki rele « Tolito » sa a ansanm pandan n ap danse: P : Yon elèv ap anndan wonn nan, l ap gen chapo pandan l ap egzekite tout sa k ap di nan chant lòt kamarad ki nan wonn nan ap chante a. « Li pran chapo l, li mete l atè a, (Tolito) Li ranmase l, li mete l sou tèt li, (Tolito) Li chwazi yon moun pou danse avè l, (Tolito) Danse, danse ou se zanmi nou (bis). <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral chante ti jwèt ki rele « Tolito » sa a ansanm pandan n ap danse: P : Yon elèv ap anndan wonn nan, l ap gen chapo pandan l ap egzekite tout sa k ap di nan chante lòt kamarad ki nan wonn nan ap chante a. « Li pran chapo l, li mete l atè a, (Tolito) Li ranmase l, li mete l sou tè li, (Tolito) Li chwazi yon moun pou danse avè l, (Tolito) Danse, danse ou se zanmi nou (bis). <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt kote nou pral konte ak pati sa yo nan kò nou : tèt, men dwat, men goch, pye dwat, pye goch ak senti nou. Pou chak pati sa yo n ap konte soti nan 1 pou rive na 5. Apresa, n ap desann jiskaskte nou rete ak 1 sèlman. 1, 2, 3, 4, 5 1, 2, 3, 4 1, 2, 3 1, 2, 1	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan : An n bay lòt yo valè !				

MWA 8 SEMÈN 2				
Tèm semèn nan: nòm soyal yo (lekòl, legliz, lakay)		Objektif : Nan fen semèn nan elèv la ap kapab dekouvri nòm sosyal yo.		
Vokabilè: Nòm se yon ansanm règ tout moun ki menm kote dwe respekte.		Materyèl: boul lapawòl, chapo		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm, semèn sa a nou pral pale sou respè nòm yo (lekòl, legliz, lakay elt). Nòm se yon ansanm règ (lwa, prensip) tout moun ki menm kote (peyi, vil, lekòl elt) dwe respekte. Se yo menm ki di tout sa yon moun dwe fè ki akseptab ak sa ki merite pinisyon. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak jou nan semèn nan . Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non jou a. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non menm jou sa a. P : Bonjou, mwen se samdi. Tout elèv yo ap reponn bonjou samdi. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Jodi a nou pral fè salitasyon an ak mo ki bay ankourajman (konpliman, felisitasyon, bravo elt). Nou pral salye youn lòt epi n ap mande lòt la pou li rete janm janm n ap. Gade kamarad ou a nan je ba li yon bèl souri pou ou fè l konpliman pandan w ap di li bonjou. P: Bonjou felisitasyon ou toujou respekte règ pozitif klas yo. P : Lè mwen di sa k ap fèt n ap deplase pou salye 2 oswa 3 nan kamarad ou yo epi lè mwen di fòmè sèk la n ap tounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak tout fèy te ki ka geri lafyèv nou konnen yo (twazòmfò, asowosi, dèyèdo, nim, elt). Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi site non fèy te anmè a. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non sa kamarad yo te site a. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak bèt ki gen 4 pat (chen, chat, elt) nou konnen. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou ak non bèt la epi tout lòt elèv yo ap reponn bonjou ak menm non bèt sa a. Lè mwen mete pous dwat mwen anlè n ap kòmanse epi lè mwen di chikita n ap tounen nan wonn nan. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas nòm sosyal yo. Sa vle di tout règ ki etabli pou amonize fonksyònman moun nan ti gwoup (lakay) nan gran gwoup (legliz, lekòl elt). Nou wè nan klas la nou tabli règ pozitif yo pou klas la ka mache pi byen nan lòd ak disiplin. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « se janm vre! P : Jidit renmen batay li fache lè yo di l sa pa yon bon konpòtman. Tout timoun ap di « se janm vre »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, tout kote moun ap viv dwe gen nòm yo tabli pou mete lòd nan konpòtman tout moun ki vle fè sa yo vle jan yo vle. San prensip sa yo t ap genyen anpil abi ak enjistis nan sosyete yo. Nòm yo evolye avèk tan an, se sa k fè gen kèk bagay ki te aseptab nan yon moman epi kèk tan apre li vini konsidere tankou yon enfrazyon sa vle di yon bagay ki kontrè ak lawa.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas nòm sosyal yo. Jodi a n ap sitou pale sou kèk yo tabli pou lekòl yo ka byen fonksyone tankou : pote yon inifòm, sonnen klòch, monte drapo, prezan a lè, pa sote jou lekòl, règ pozitif pou salklas elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « wi nou dakò»! P : Lè n ap vini oswa soti lekòl nou pa dwe fè nenpòt bagay ak inifòm nan sou nou. Tout timoun ap di « wi nou dakò »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, lekòl se youn nan pi bon kote nou aprann konnen nòm sosyal yo. Se la yo prepare nou pou nou ka vin bon sitwayen pou peyi nou demen. Se sa ki fè nou due prete atansyon ak tout sa k ap di oubyen fèt nan klas la oswa nan lekòl la pou disiplin nou. Si nou pa aprann obeyi ak respekte nòm sosyal depi kounye a, sa ka mete nou nan gwo pwoblèm pi devan. Gen moun se paske yo pa t aprann respekte bagay sa yo ki fè yon konn an afè ak lajistis epi menm sove nan prizon.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas nòm sosyal yo. Jodi a n ap sitou pale sou kèk yo tabli pou kay yo ka byen fonksyone tankou : respekte paran ak tout moun ki pi gran pase nou, kolabore nan tout sa k ap fèt nan kay la, gen yon lè pou moun rantre ak soti elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di « Respekte nòm granmoun yo tabli nan kay la »! P : Lè tout moun nan kay la ap fè yon travay mwen dwe ede nan sa mwen ka fè. Tout timoun ap di « respekte nòm granmoun yo tabli nan kay la »! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, nan tout kay nòm yo pa menm. Chak paran deside kisa li vle mete konn règ pou pitit li ak lòt moun ki plase sou responsablite yo obeyi. Men genyen anpil nan nòm ki menm bagay kèlkeswa kay ak peyi sou latè. Nou tout dakò timoun dwe respekte granmoun, timoun pa dwe nan lari nenpòt ki lè elt.</i>	Pataj: P : Timoun, maten an nou pral pataje sou plas nòm sosyal yo. Jodi a n ap sitou pale sou kèk yo tabli pou legliz yo ka byen fonksyone tankou: ki kalite rad nou ka mete, ki fason nou dwe priye elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di «ooo yès »! P : Mwen toujou abiye byen fen fen pou m ale legliz. Tout timoun ap di « ooo yès»! Mèsi anpil tout timoun mwen yo pou tout bèl pataj sa yo <i>Sonje timoun, tout legliz pa fonksyone menm jan selon relijyon yo pratike nan yo. Genyen ki mande fòk fi mare tèt gen lòt sa pa enpòtan, menm jan tou genyen ki veye anpil kisa fidèl yo mete kòm rad. Tankou nòm pou lakay yo genyen kèk w ap jwenn nan kèlkeswa legliz ak relijyon yo pratike nan yo, sitou sa ki gen pou wè ak moralite.</i>	Pataj: P: Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele nan mache . Tout moun dwe koute avèk atansyon sa moun ki anvan an li a te achete. Egzanp, m ap di m al nan mache m achte yon poul, moun ki vin apre m nan ap di : m al nan mache m achte yon poul ak yon rejim bannann, lòt moun ki vin apre a ap di : m al nan mache m achte : yon poul, yon rejim bannann ak yon mamit diri. Donk, tout moun ap repte menm fraz sa a : <i>m al nan mache m achte</i> epi l ap ajoute sa li achte a sou sa moun ki vin anvan l yo te achte deja. Jwèt la jiskaske tout moun nèt disa yo te achte. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo</i>	Aktivite gwoup: P: Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pase kouran . Men kijan n ap kòmanse n ap kenbe men youn lòt n ap peze men kamarad ki sou bò dwat ou a pandan w ap fè jès tankou ou te pran nan kouran. Kamarad ki resevwa kouran an ap fè jès pran kouran tou epi l ap pese men kamarad ki sou bò dwat pa li pou l ka pase l kouran an. Kouran an ap pase jiskaske li rive sou moun ki te premye voye li a. Apre sa li ka repase kouran sou bò goch li. Nou fè kouran an pase vit antre nou. N ap fè yon modèl pou m ka wè si nou konprann. Fwa sa a nou fè li byen. Ok, n ap kòmanse. N.B: Lè yon moun resevwa kouran an li pa transmèt li pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou li fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele bèt ki gen kòn ak bèt ki san kòn . M ap trase yon gwo wonn epi n ap kanpe dèyè wonn nan. Lè m di non yon bèt ki gen kòn, tout moun ap sote antre anndan wonn nan. Lè m di non yon bèt ki san kòn tout moun ap sote dèyè pou kite wonn nan. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa konnen si bèt la genyen oswa pa gen kòn, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral chante ti jwèt ki rele « Tolito » sa a ansanm pandan n ap danse: P : Yon elèv ap anndan wonn nan, l ap gen chapo pandan l ap egzekite tout sa k ap di nan chant lòt kamarad ki nan wonn nan ap chante a. « Li pran chapo l, li mete l atè a, (Tolito) Li ranmase l, li mete l sou tè li, (Tolito) Li chwazi yon moun pou danse avè l, (Tolito) Danse, danse ou se zanmi nou (bis). <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan : An nou respekte nòm sosyal yo pou yon sosyete pi jis !				

MWA 9 SEMÈN 1				
Tèm semèn nan: Idantifikasyon emosyon yo		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye diferan emosyon li gen lakay li.		
Vokabilè Emosyon: se yon reyaksyon pasaje ki fò anpil ki kapab fè w afiche yon bon oubyen yon move konpòtman.		Materyèl : boul lapawòl Liv Ana ak Tiga idantifye emosyon yo. Imaj emosyon yo (<i>lajwa:leson1; tristès: leson 2; laperèz: leson 3, kòlè : leson 4</i>).		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P: Bonjou tout timoun, semèn sa a nou pral pale sou emosyon moun genyen lakay yo. Pou nou kòmanse nou pral fè salitasyon ak non bèt ki gen 4 pat nou konnen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon bèt ki gen 4 pat. Tout timoun yo ap reponn bonjou pandan y ap di non bèt sa a. P : Bonjou, mwen konnen bèf. Tout elèv yo ap reponn bonjou bèf. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon kore . Tout timoun ap deplase pou al salye kèk kamarad pandan y ap kore youn lòt, souri epi mande kijan lòt la ye. Lè m di Oye oye, n ap kòmanse epi lè m di yes yes n ap retounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak jou nan semèn nan . Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon jou nan semèn. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi y ap di jou sa a. P : Bonjou, mwen se lendi. Tout elèv yo ap reponn bonjou lendi. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyonan an ak mwa nan ane a . Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon mwa nan ane a. Tout timoun yo ap reponn bonjou pandan y ap di mwa sa a. P : Bonjou, mwen se janvyè. Tout elèv yo ap reponn bonjou janvyè <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Maten an timoun nou pral pataje sou sa nou konn fè lè nou an jwa. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap di wololoy! Lè m an jwa mwen danse. Tout timoun ap di : wololoy! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon lajwa a epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l an jwa (montre imaj la). Lajwa se youn nan emosyon moun genyen lakay yo. Nou kapab an jwa lè nou reyisi nan yon bagay nou t ap fè, lè yon moun felisite nou oubyen lè nou gen yon bezwen ki satisfè. Byen souvan lè moun an jwa nou ka wè yo ap souri, nou pa bezwen pè souri lè nou santi kè nou konta timoun.</i>	Pataj: P : Maten an timoun nou pral pataje sou kèk bagay ki konn fè nou tris. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap oooo sa tris! Lè moun ap maltrete timoun sa fè m tris anpil. Tout timoun ap di : oooo sa tris! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon tristès la epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l tris (montre imaj la). Tristès se youn nan emosyon moun genyen lakay yo. Se yon bagay ki nòmal pou yon moun santi l tris. Nou kapab tris paske nou gen moun ki mouri, paske yon moun di nou yon vye pawòl, elt. Byen souvan lè yon moun tris li konn kriye, sa pa yon pwoblèm ditou. Ni tifi ni tigason ka kriye si yo santi yo tris. Men sonje li pa bon pou yon moun rete tris toutan. Sa ka fè moun nan malad, li ka vin chagren nan pwen li pa anvi viv ankò. Se sa k fè lè nou tris nou dwe toujou jwenn yon mwayen pou voye tristès la ale tankou : jwe oubyen pale ak yon ti zanmi.</i>	Pataj: P : Maten an timoun nou pral pataje sou kèk bagay ki konn fè nou pè. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap cache figi yo ak men yo! Depi mwen wè fè nwa mwen pè. Tout timoun ap cache figi yo ak men yo! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon laperèz la epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l pè (montre imaj la). Laperèz fè pati emosyon moun genyen. Moun kapab pè pou divès kalite rezon. Lè nou pè nou dwe pataje sa ki fè nou pè a ak yon granmoun pou li kapab ede nou, paske si nou rete avèk laperèz la lakay nou toutan sa ka fè nou vin malad epi menm pa ka travay byen lekòl la ankò.</i>	Pataj: P : Maten an timoun nou pral pataje sou jan nou konn reyaji lè nou an kòlè. <i>**Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè m fin pataje, tout moun ap di sa pa bon. Lè mwen an kòlè mwen choute tout sa m jwenn. Tout timoun ap di sa pa bon! Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Prezante timoun yo imaj ki eksprime emosyon kòlè a epi mande yo kijan yo panse timoun sa a santi l.</i> <i>Nan imaj sa a timoun nan santi l pè (montre imaj la). Li nòmal pou yon moun an kòlè, men sa ki pa nòmal se lè ou an kòlè ou ajì ak vyolans tankou bay moun kou, krazè bagay ki bò kote nou oubyen di vye pawòl. Lè nou an kòlè, nou bezwen pran yon ti tan epi respire. Nou kapab konte soti nan 1 pou rive nan 5 tou. Sa ka ede n kalme nou. Sa enpòtan anpil paske menm si nou an kòlè nou toujou responsab aksyon nou.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral chante ti chan sa a ansanm : Tonton bouki, eya eya (2 fwa) Lè m fè sa, n ap fè sa konsa (2 fwa) M ap kòmanse ak yon jès epi n ap fè menm jès la pandan n ap chante. M ap chwazi yon elèv pou kontinye fè yon jès nou tout ap chante epi fè jès li fè a. Apre sa, elèv la ap chwazi yon lòt elèv pou kontinye aktivite a.	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt imitasyon . Nou pral kanpe youn dèyè lòt nan yon demi sèk. Elèv ki devan nèt la ap fè yon seri jès tout lòt yo ap imite l. (<i>Bat men, danse, sote, mache, bese, eli</i>). <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele Zip, Zap, Zoum . Nou pral fè kòmsi nou gen yon boul enèji nan men nou. Zip se adwat, Zap se agoch epi Zoum se anfas. Lè ou di Zip ou pase enèji a bay moun ki adwat ou a se li ki dwe reyaji ; Lè ou di Zap ou pase enèji a bay moun ki agoch ou a se li ki dwe reyaji ; Lè ou di Zoum ou pase enèji a bay moun ki anfas ou a se li ki dwe reyaji. Si ou fè yon aksyon pou yon lòt ou pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè wè yo nan wonn nan. <i>Fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounya timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele atouti atouta . Mwen pral rakonte nou yon ti istwa. Chak fwa nou tandè atouti, n ap leve de men nou anlè. Chak fwa nou tandè atouta, n ap mete men nou sou jenou nou. P : Fè youn oubyen de esè pou timoun yo avan w kòmanse. N.B: Lè yon moun pèdi, l ap vin nan mitan sèk la pou li fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante. <i>Mete defi nan jwèt la. Egzanp : di atouti oubyen atouta youn dèyè lòt...</i>	P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan : Mwen kapab jere emosyon m!				

MWA 9 SEMÈN 2				
Tèm semen nan: Estim pou pwòp tèt ou		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye fason pou l devlope estim pou pwòp tèt li.		
Vokabilè Estim pou pwòp tèt ou : valè ak enpòtans yon moun akòde ak pwòp tèt li.		Materyèl : boul lapawòl Boul lapawòl, liv Kwè nan tèt 2 riban/mouchwa <i>(leson 4)</i>		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P: Bonjour tout timoun, semèn sa a nou pral pale sou estim pou pwòp tèt. Pou nou kòmanse, nou pral fè yon salitasyon an chèn . M ap di moun ki sou bò dwat mwen an bonjou nan non l, l ap reponn mwen epi site non m. Apresa, l ap fè menm jan sou bò dwat li jiskaske tout moun fin salye youn lòt. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon an ak non katye oubyen zòn nou abite. Kèk elèv ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non zòn oubyen katye li abite a. Tout lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non katye/zòn li te di a. P : Bonjour, mwen abite Labòd. Tout elèv yo ap reponn bonjou Labòd. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun, nou pral fè salitasyon an ak non mwa nou te fèt . Chak timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di non mwa li fèt ladan l lan. Lòt elèv yo ap reponn bonjou epi di non mwa sa a. P : M ap fè yon modèl pou nou. Bonjour, mwen fèt nan mwa desanm. Tout elèv yo ap reponn bonjou mwa desanm. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Maten an timoun nou pral fè salitasyon an ak non pwofesyon/travay nou ta renmen fè lè nou vin gran. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la, l ap di bonjou epi di kisa l ta renmen vin ye lè l gran. Lòt elèv yo ap reponn bonjou pandan y ap di non sa l di a. P : Bonjour, lè mwen vin gran mwen ta renmen vin pwofesè. Tout elèv yo ap reponn bonjou pwofesè. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Timoun, nan pataj maten an nou pral di yon bagay nou renmen sou pwòp tèt nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje tout moun ap bat bravo. Mwen renmen bèl ti koulè nwa mwen nan. Tout timoun ap bat bravo! <i>Timoun, sonje lè nou gen estim pou pwòp tèt nou sa pèmèt nou bay tèt nou valè ak enpòtans. Nou bezwen renmen tèt nou, apresye chak ti efò nou fè, di bagay pozitif sou tèt nou pou nou ka santi nou byen nan po nou.</i>	Pataj: P : Timoun, nan pataj jodi a, nou pral di kèk bagay nou konn fè byen. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje tout moun ap di tchèk. Mwen konn fè kalkil byen! Tout moun ap di tchèk. <i>Timoun, pou nou gen estim pou pwòp tèt nou, nou bezwen kwè nan tèt nou, sa vle di kwè nan kapasite nou genyen pou n reyalize kèk bagay.</i>	Pataj: Jodi a timoun, nou pral pataje sou yon moman nou sonje ki te fè kè n kontan swa pandan nou lekòl la oubyen lakay nou epi n ap di poukisa moman sa te fè kè nou kontan. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di WOW. Mwen sonje pou anivèsè m elèv mwen yo te chante <i>joyeux anniversaire</i> pou mwen, sa te fè m kontan anpil! Tout timoun ap di WOW! <i>Sonje timoun, pou nou gen estim pou pwòp tèt nou li enpòtan pou nou fè kè nou kontan epi aksepte konpliman yo fè nou.</i>	Pataj: P : Timoun, jodi a nou pral pataje sou kèk bagay lakay nou ki fè nou diferan de lòt moun, tankou : gwosè, wotè, koulè po, koulè cheve, elt. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di bon bagay. Mwen gwo epi mwen fyè ! Tout timoun ap reponn bon bagay ! <i>Sonje timoun, nou tout difreran youn de lòt nan gwosè, wotè, koulè po, koulè cheve, longè cheve, elt. Youn nan bagay sa yo pa dwe fè nou santi nou siperyè oubyen enferyè ak lòt moun. Nou bezwen aksepte tèt nou jan nou ye a.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan pataj yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kat kare . Mwen pral trase kat kare atè a nan yon distans 2 pa ki ka pran 5 elèv. Chak kare ap gen 5 moun epi ap gen yon elèv k ap kanpe poukont li nan mitan kat kare yo. N ap chante yon ti chan byen ge (egzanp: mayi a nan solèy chi poul chi poul...) pandan n ap bat men epi danse. Kou m di STOP, tout elèv ki te nan kare yo ap chanje plas pou yo al nan yon lòt kare pandan elèv ki te poukont li nan mitan an ap chèche antre nan yon kare tou. Elèv ki pa gentan jwenn plas nan yon kare ap vin kanpe nan mi tan kat kare yo. Jwèt la ap kontinye konsa jiskaske 4 ou 5 timoun pèdi. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i> <i>Mande pou elèv yo pwoteje youn lòt lè y ap kouri soti nan yon kare pou ale nan yon lòt.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele STOP . Nou pral chante yon ti chan byen ge (<i>egzanp: mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil...</i>) pan dan n ap bat men epi danse ak bèl mouvman. Kou m di STOP, tout elèv ap kanpe sèk nan pozisyon yo rive nan dans lan san bouje. Depi gen elèv ki bouje y ap pase nan sèk la pou yo vin fè wè yo. Jwèt la ka kontinye jiska 3 ou 4 fwa. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ak non bèt ki konn vole. M ap fè boul lapawòl la pase epi nan men chak moun li rive l ap di non yon bèt ki konn vole. Si l ezite oubyen li pa jwenn non bèt la, l ap vin fè yo wè l nan mitan sèk la. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele kiyès mwen ye . M ap bezwen 5 elèv pou fòme yon ti sèk anndan gran sèk la. M ap bezwen yon elèv volontè ki konn non 5 elèv yo ki pou kanpe nan mitan ti sèk la pou m bande je l. Tout moun ap chante : <i>Kiyès mwen ye? Se mwen li ye ?</i> (<i>ton kiyès ki chèf se mwen ki chèf</i>). Pandan y ap chante a, 5 elèv yo ap fè wonn elèv ki gen je bande a. Lè m leve men m anlè, n ap sipann chante epi 5 elèv yo ap sipann bouje. Elèv ki gen je li bande a bezwen touche epi di non moun ki kanpe devan l lan. Si l idantifye l tout moun ap bat bravo, si l pa rive idantifye l n ap kontinye chante menm jam epi 5 elèv yo ap fè menm mouvman an. Yon elèv ka eseye 2 fwa. Jwèt la ka kontinye ak 2, 3 ou 4 elèv jiskaske yon moun genyen.	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan : Mwen renmen tèt mwen jan mwen ye a!				

MWA 9 SEMÈN 3				
Tèm semen nan: Jesyon estrès		Objektif : Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab idantifye kèk estrateji k ap pèmèt li jere estrès.		
Vokabilè: Jesyon estrès: kapasite pou gade kontwòl ou nan tout sitiyasyon enprevi ki ka mete w an kòlè epi ki estresan.		Materyèl : boul lapawòl, lakrè, Liv: Babas te pè tout bon		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P: Bonjour timoun m espere nou anfòm. Semèn sa a nou pral pale sou jesyon estrès. Pou nou kòmanse, nou pral salye youn lòt pandan n ap chante ti chan sa a : tout ti gason yo ap di <i>«kòman ou ye (2 fwa)?</i> Tout tifi yo ap reponn : <i>m ap kenbe (2 fwa). E ou menm kòman w ye (2 fwa).</i> Tout ti gason yo ap reponn : <i>m ap kenbe (2 fwa) Kontinye aktivite a ak kri chen, kri chat ; bat men sou ton chan an, frape pye sou ton chan pandan tifi ak tigason yo ap kenbe menm pati pa yo. (Bay siyal pou kòmanse aktivite a).</i>	Salitasyon : P: Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm! Maten an nou pral fè salitasyon an ak kri bèt nou renmen. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon bèt yo renmen. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi fè kri bèt sa a. P : Bonjour, mwen renmen kabrit. Tout elèv yo ap reponn bonjou bèèèèè ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak tout fèy te nou konnen yo. Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di yon fèy te li konnen. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non fèy te sa a. P : Bonjour, mwen se asosi. Tout elèv yo ap reponn bonjou asosi ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la..</i>	Salitasyon : P : Bonjour timoun, m espere nou tout anfòm ! Maten an nou pral fè salitasyon ak non bèt ki viv nan dlo . Kèk elèv ap antre nan wonn nan, y ap di bonjou epi di non yon bèt ki viv nan dlo. Tout timoun yo ap reponn bonjou epi di non bèt sa a. P : Bonjour, mwen konnen reken. Tout elèv yo ap reponn bonjou reken ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Pataj: P : Timoun, nan pataj maten an nou pral di kisa estrès ye. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>P : Estrès se tout sitiyasyon ki kapab fè nou santi nou malalèz. Lè nou estrese nou ka santi kò nou ap tranble, kò nou ap pike nou, kè nou ap bat fò, elt.</i>	Pataj: P : Kounye a timoun, nou pral pataje sou kèk sitiyasyon ki konn ba nou estrès. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di mezanmi! Lè m gen anpil travay pou m fè mwen santi m estrese. Tout timoun ap reponn : mezanmi! Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Gen anpil sitiyasyon ki ka estrese nou, tankou: boule kawotchou, lè nou poko ka fè devwa nou, lè yo bat nou, rele sou nou, elt. Kèk estrateji pou nou jere estrès se : respire, konte 1 a 5, mande yon pi gran pase nou èd, elt.</i>	Pataj: P : Nan pataj maten an, nou pral di kèk aktivite nou ka fè pou nou chase estrès. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P: Lè mwen fin pataje, tout moun ap di yes! Lè mwen estrese mwen tandè mizik. Tout timoun ap reponn yes! Mèsi pou pataj nou yo timoun. <i>Timoun, men kèk aktivite nou ka fè lè nou estrese : jwe, danse, koute mizik, chante, elt aktivite sa yo ka ede nou jere estrès nou.</i>	Pataj: P : Maten an timoun, nou pral pataje sou fason nou kapab ede yon moun chase estrès. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di <i>Wi sa bon</i> ! Pou m ede zanmi m chase estrès yo mwen konn bay blag avèk yo pou m fè yo ri. <i>Timoun , lè nou bò kote yon moun ki estrese nou ka ede l lè nou pale avè l, rakonte l ti istwa, mache avè l, chante avè l, elt. Sa ap ede l fè kè l kontan.</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo pataje sou sa yo sonje yo ka fè pou chase estrès lakay yo.
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele 3 limyè . Lè m di limyè vèt tout moun ap kouri sou plas. Lè m di limyè jòn, tout moun ap ap kanpe sou yon pye epi lè m di limyè wouj tout moun ap kanpe sou de pye. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele STOP . Nou pral chante yon ti chan byen ge (<i>egzanp: mwen gen yon doulè ki nan tèt mwen e ki kenbe mwen anpil...</i>) pandan n ap bat men epi danse ak bèl mouvman. Kou m di STOP, tout elèv ap kanpe sèk nan pozisyon yo rive nan dans lan san bouje. Depi gen elèv ki bouje y ap pase nan sèk la pou yo vin fè wè yo. Jwèt la ka kontinye jiska 3 ou 4 fwa. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ki rele pijon vole . Lè m di yon bèt ki konn vole tout moun ap sote. Lè m di yon bèt ki pa konn vole tout moun ap rete san bouje. Si yon moun fè yon aksyon pou yon lòt li pèdi. Moun ki pèdi yo ap vin fè wè yo nan wonn nan. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele zip zap zoup. Lè m di zip, n ap mete men sou tèt, lè m di zap n ap mete men sou zèpòl epi lè m di zoup n ap mete men sou vant. Lè yon moun pèdi, sa vle di li pa fè sa mwen mande a, l ap pase nan mitan sèk la pou fè yo wè l. <i>Repran konsiy nan epi fè yon egzanp ak elèv yo.</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. (Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).
Eslogan : Mwen ka jere estrès mwen!				

MWA 9 SEMÈN 4				
Tèm semen nan: Rezolisyon konfli		Objektif: Nan fen semèn nan, elèv la ap kapab dekouvri kèk estrateji pou rezoud konfli san vyolans.		
Vokabilè: Konfli: Dezakò ki egziste ant de moun oubyen de gwoup.		Materyèl: Boul lapawòl, 2 balon <i>(leson1)</i> . Liv Maya ap goumen		
Jou 1	Jou 2	Jou 3	Jou 4	Jou 5
Salitasyon : P: Bonjou timoun, m espere nou te pase yon bon wikenn! Semèn sa a nou pral wè yon nouvo tèm ansanm ki se rezolisyon konfli. Konfli se dezakò ki kapab genyen ant de moun oubyen de gwoup. Anvan nou al reflechi sou tèm nan nou pral fè salitasyon maten an ak yon akolad fratènèl. Nou pral jwenn ansanm ak kamarad nou yo pou nou ba yo yon bèl akolad. Sonje pou n gade yo nan je pandan n ap salye yo epi n ap souri avèk yo. <i>Fè yon modèl pou elèv yo.</i> Lè m bat men m yon fwa n ap chwazi 2-3 elèv pou nou salye epi lè m bat men m plizyè fwa, n ap tounen nan plas nou. <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P: Bonjou timoun, jodi a nou pral fè salitasyon papiyon . Tout moun ap mete de men yo sou kote yo epi y ap sekwe yo tankou zèl papiyon pou y al salye plizyè lòt kamarad. <i>Fè yon modèl ak yon elèv.</i> Lè m di Wipipip n ap kòmanse salye kamarad nou yo epi lè m di Weeeee n ap retounen nan plas nou.	Salitasyon : P: Bonjou timoun, jodi a nou pral fè salitasyon Kangouwou . Tout moun ap pran pozisyon kangouwou epi sote sou de pwent pye pou n al salye plizyè lòt kamarad nou. <i>Fè yon modèl ak yon elèv.</i> Lè m di Oye oye n ap kòmanse salye kamarad nou epi lè m di yes yes n ap retounen nan plas	Salitasyon : P : Bonjou tout timoun, maten an nou pral fè salitasyon ak non legim nou konnen yo. Kèk timoun ap pase nan mitan sèk la y ap di bonjou tout moun epi y ap di non yon legim yo renmen. Tout lòt timoun yo ap reponn bonjou epi di non legim sa a. P : Bonjou, mwen renmen berejèn ! Tout timoun ap reponn : bonjou berejèn ! <i>Mande elèv yo kontinye apre modèl la.</i>	Salitasyon : P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan salitasyon yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Pataj: P : Kounye a timoun nou pral pataje sou kèk sitiyasyon konfli nou konn wè nan lekòl nou, lakay nou oubyen nan kominote nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> Modèl : P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di sa te fè m mal ! Mwen sonje yon lè mwen te wè de moun bò lakay mwen te nan kont. Yo t ap di move pawòl. Tout timoun ap reponn : sa te fè m mal ! P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Gen anpil rezon ki ka mete moun nan konfli, men nou dwe fè efò nan mezi sa posib pou nou evite nan konfli ak lòt moun. Men si sa rivekanmèm, gen yon estrateji ki gen 4 etap ki ka ede nou. Premye a se kalme nou. Nou bezwen pran yon minit pou nou respire, n ap enspire epi n ap ekspire. Sispann tout pawòl, pran yon poz pou n reflechi.</i>	Pataj: P : Timoun, n ap kontinye pataj la sou konfli menm jan ak yè. Jodi a, nou pral pataje sou sa nou panse ki ka mete nou nan konfli avèk kamarad nou oubyen ti zanmi nou. <i>Raple elèv yo prensip pataj la.</i> P : Lè mwen fin pataje, tout moun ap di evite sa ! Fawouch ka mete moun nan konfli. Tout timoun ap reponn : evite sa ! P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Sonje timoun kamarad nou yo se tankou frè ak sè nou yo ye lè nou lekòl la. Nou dwe evite joure yo, pouse yo, pile yo paske sa ka mete nou nan konfli. Dezyèm etap ki ka ede nou lè gen konfli timoun se lè nou pale ansanm sou sa ki fè konfli a. Rakonte jan bagay la te pase a. Youn koute lòt epi aksepte nou pa toujou gen rezon.</i>	Pataj: P : Timoun, n ap kontinye avèk pataj sou konfli menm jan ak 2 jou pase yo. Kounye a, an nou imagine pandan nou lekòl la gen de kamarad nou k ap goumen poutèt gen yon sèl jwèt epi yo pa vle jwe ansanm. Kisa nou t ap fè ? <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Nou ka itilize de estrateji nou te wè deja yo pou ede timoun yo rezoud konfli sa a. Gen 2 lòt etap ankò nou ka itilize tankou: chèche; timoun yo ka imagine tout solisyon ki posib pou rezoud konfli a epi « jwenn » sa vle di mete nou dakò sou yon solisyon k ap bon pou tou de moun yo.</i>	Pataj: P : Timoun, n ap kontinye pataj yo sou konfli menm jan ak jou anvan yo. Sonje pandan semèn nan nou te fè lekti awotwwa sou liv Maya ap goumen. Ebyen jodi a, nou pral pataje sou sa nou sonje ki te fèt pou rezoud konfli sa a. <i>Raple elèv yo prensip pataj la</i> P : Mèsi pou bèl pataj sa yo. <i>Semèn sa a nou te gen chans dekouvri yon estrateji an 4 etap k ap ede nou rezoud konfli san vyolans ki se : kalme, pale, chèche epi jwenn. Mwen swete nou aplike estrateji sa a si nou ta twouve nou nan konfli ak kamarad nou oubyen zanmi nou..</i>	Pataj: P : Mande timoun yo pou yo pataje sou kèk estrateji yo sonje yo ka itilize pou rezoud konfli.
Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Pase balon . Nou pral fè de ekip, chak ekip ap gen menm kantite jwè epi yo chak ap kanpe an liy. Youn ap sou bò goch mwen, lòt la ap sou bò dwat mwen. Nou pral pase balon an men nan men sou tèt nou san l pa tonbe atè. Ekip ki gen tout jwè li ki manyen balon an jiskaske premye moun nan pase nan plas tout lòt jwè yo epi tounen ak balon an nan plas li, se li menm ki genyen. <i>N.B: Jwèt sa a gen posiblite pou l kreye mezantant nan mitan timoun yo. Raple yo lè yo pèdi pou yo aksepte sa pou yo ka evite konfli.</i>	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ki rele Bato a pral chavire . Mwen pral di nou gwoup konbyen moun pou nou fè lè m fin di bato a pral chavire. Chak fwa m di konbyen moun ki pou nan gwoup yo, n ap kouri fòme gwoup ak kantite moun mwen di a. Yon moun ki pa gentan nan gwoup ap pèdi epi l ap vin fè yo wè l ak yon ti dans pandan lòt kamarad li yo ap chante.	Aktivite gwoup: P : Kounye a timoun, nou pral fè yon aktivite ak non bèt ki konn vole ak sa ki pa konn vole. Lè m site non bèt ki konn vole tout elèv ap sote. Lè m site non bèt ki pa konn vole nou pa dwe fè okenn mouvman. Si yon timoun sote pandan l pa t dwe fè mouvman oubyen l pa fè mouvman pandan l te dwe sote, l ap vin fè yo wè l. <i>(Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon).</i>	Aktivite gwoup: P: Kounye a timoun, nou pral fè yon jwèt ak non 4 fwi sa yo : pòm, mango, anana ak melon. Lè m di pòm n ap sote devan. Lè m di mango n ap sote dèyè. Lè m di anana n ap sote adwat. Lè m di melon n ap sote agoch. Si yon moun pa sote nan pozisyon mwen di a l ap vin fè yo wè l nan mitan sèk la. <i>(Fè youn oubyen 2 esè ak timoun yo avan w kòmanse jwèt la toutbon).</i>	Aktivite gwoup: P : Mande timoun yo pou yo chwazi youn nan aktivite gwoup yo te fè pandan 4 jou pase yo pou yo fè jodi a. <i>(Ou ka site yo pou timoun yo chwazi).</i>
Eslogan : Antann pou n antann nou!				